АҒЫНБАЙ АЛЛАМУРАТОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ЙСКУССТВОСЫНЫҢ ТАРИЙХЫНАН



„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
БАСПАСЫ
НӨКИС — 1968

ҚАРАҚАЛПАҚ
ИСКУССТВОСЫ ХӘМ
ӘДЕБИЯТЫНЫҢ
ӨЗБЕКСТАНДАҒЫ
ХӘПТЕЛИГИ
1968

АҒЫНБАЙ АЛЛАМУРАТОВ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ИСКУССТВОСЫНЫҢ ТАРИЙХЫНАН

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1968

*Индекс* $\frac{8-1}{68-68\ м}$

Жас илимпаз—искусствовед Ағынбай Алламуратовтың бул китапшасында Қарақалпақстанның революцияға шекемги ҳәм бүгинги күнге дейинги сүўретлеў искусствосының раўажланыў жоллары ҳаққында сөз етиледи. Китап Қарақалпақстан сүўретлеў искусствосының тарийхы менен қызығыўшы ҳәрқандай адам ушын баҳалы қурал сыпатында хызмет етеди.

**Алламуратов А.**

**А. 53 Қарақалпақстан искусствосының тарийхынан.**
„Қарақалпақстан" баспасы 1968. 73 бет.

*На каракалпакском языке*

***Ағынбай АЛЛАМУРАТОВ***

ИЗ ИСТОРИИ ИСКУССТВ КАРАКАЛПАКИИ

*Издательство „Каракалпакия"*
*Нукус — 1968*

Редактор *М. Карабаев.* Худ. редактор. *К. Нажимов*
Тех, редактор *А. Турдымуратов.* Корректор *А. Ильясова*

Териўге берилген ўақты 20/IX-1968 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 17/X-1968 ж. Қағаз форматы 84x108[1]/32 Қағаздың № 2 Көлеми 2,5 баспа табақ 4,2 шәртли баспа табақ 4,13 есап баспа табақ. Тиражы 1000
РК 30832 Баҳасы 15 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Министрлер Советиниң баспа сөз бойынша басқармасының „Правда"ның 50-жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ № 132

## АВТОРДАН

Совет власты жылларында белгили илимпазлар тәрепинен қарақалпақ халқының тарийхы, мәденияты ҳәм Қарақалпақ халқының тарийхына байланыслы халық шеберлери дөреткен қол өнери үлгилери де арнаўлы изертлене баслады. Рус совет илимпазлары С. П. Толстов, П. П. Иванов, Т. А. Жданко, Н. А. Баскаков, А. С. Морозова, Л. И. Ремпель, И. В. Савицкий, Рудин ҳәм басқалар Қарақалпақстанның тарийхына, этнография, археология, фольклор ҳәм тилине байланыслы көлемли илимий жумыслар жазды, олар өз халқының тарийхын ҳәм мәдениятын изертлейтуғын илимпазлардың миллий кадрларын тәрбиялады.

Соңғы жыллары қарақалпақ қол өнери, искусство изертлеўшилердиң изертлеў объектине айлана баслады.

Бул китапшаның биринши ҳәм екинши бөлимин жазарда қарақалпақлардың ҳәм Қарақалпақстанның тарийхына, археологиясына, этнографиясына, мәдениятына, байланыслы жазылған илимий жумыслар кеңнен пайдаланылды.

XIX әсирдиң екинши ярымынан баслап қарақалпақлардың ҳәм Қарақалпақстанның рус художниклериниң творчествосында сүўретлениўи елимиздиң мәдениятының тарийхындағы қызықлы факт бола баслады. Китапшаның үшинши бөлими усыған арналды. Усы көзқарастан ҳәзирги күнге дейин келип жеткен қарақалпақлардың художестволық мийрасы—қол өнери бул жумыста белгили орын алды. Соңғы жыллары Қарақалпақстан АССР-ының сүўретлеў искусствосының раўажланыўы оның өсиў жолларына барынша кеңнен шолыў жасаўды ҳәм белгили художниклердиң творчествосына анализ ислеўди талап етип отыр. Сонлықтан да китапшаның негизги бөлими усы мәселеге арналды. Бул арқалы Қарақалпақстан искусствосының раўажланыў тарийхының барлық гезеңлери ҳәртәреплеме толық сыпатланды деген пикир туўмайды. Бул келешекте еле көп изертлеўлерди талап ететуғын илим тараўы.

Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтының искусство изертлеў секторының илимий хызметкерлериниң китапшаның қолжазбасын оқып бир қанша пайдалы пикирлер айтқанына үлкен миннетдарлық билдиремен.

## I. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ИСКУССТВОСЫНЫҢ ОКТЯБРЬ РЕВОЛЮЦИЯСЫНА ДЕЙИНГИ РАЎАЖЛАНЫЎ ЖОЛЛАРЫ

Қарақалпақ халқы тек Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси нәтийжесинде мәдений раўажланыўында бурын болмаған жетискенликлерге ерискен аз санлы миллетлердиң бири. Ҳәзирги Қарақалпақстан автономиялы республикасы илимниң ҳәм мәденияттың бираз тараўларын раўажландырған, миллий кадрлар таярлаған ел. Совет халықларының туўысқанлық жәрдеми арқасында, коммунистлер партиясының басшылығында қарақалпақ халқы 50 жыл ишинде бурын өзинде болмаған искусствоның түрлерин: театр, хореография, сүўретлеў искусствосын дөретти. Қарақалпақстанның сүўретлеў искусствосы халкымыздың социализм дәўиринде рухий өмириниң ең жас дөретпеси. Профессионал билим алған миллий художниклердиң өсип жетилисиўи ҳәм соған байланыслы сүўретлеў искусствосының тематикалық, жанрлық байыўы, шығармалардың идеялық мазмунының ҳәм шеберликтиң жоқарылаўы уллы ўатандарлық урыстан соңғы жыллары басланса да, Қарақалпақстан искусствосының әсирлерди қамтыйтуғын тарийхы бар.

Совет илимпазларының анықлаўынша, ҳәзирги аты менен жазба документлерде XVI әсирде Сырдәрьяның орта ҳәм төменги жағаларында көринген қарақалпақ халқының әййемги ата-бабалары грек тарийхшылары айтқан Арал дөгерегиндеги атаўларды жайлаған массагетлар, апасиаклар болған.[1]

---

1. Очерки истории Каракалпакской АССР, т. 1, стр. 128. Ташкент, 1964.



Жаңадәрьяның бойындағы Тагискен қойымшылығы бизиң эрамызға дейинги IX—VIII әсирлерде жасаған сакаравак қәўимлериниң адамды жерлеў дәстүрин, соның менен бирге ярым көшпелилердиң турақ жайының қандай болғаны туўралы болжаўлар айтыўға мүмкиншилик береди. Гербиштен өрилген диаметри 14 метрлик дөңгелек мазар төртмүйешли (17,5—18 метр) дийўал менен қоршалған. Бирнеше есиклер ортадағы өликти өртейтуғын жерге, өликтиң қапталына қойылатуғын затларға алып барады. Бронзадан исленген қурал-жарақлар, жақсы устаханадан шыққан формалары сулыў тас гүзелер турғаншылардың Хорезм ҳәм Орайлық Қазақстан менен байланысларын көрсетеди.[1] Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья бассейнлерин жайлаған қәўимлер раўажланыўының көпшилик дәўиринде Хорезм менен сиясий, экономикалық ҳәм мәдений байланыста болып келген.

Қарақалпақстанның территориясындағы қул ийелеўшилик жәмийети дәўириндеги салынған архитектуралық естеликлерден Жанбас-қала, Қой қырылған қаланы корсетиў керек. Қой қырылған қала диаметри 86,5 дөңгелек дийўал менен қоршалған жай. Дийўалдың 9 жеринде минбери (башня) болған. Ортада диаметри 42 м. цилиндр тәқилетте еки этажлы жай болған. Оның төменги этажындағы бөлмелерге айнадан жақты түсип турған. С. П. Толстовтың болжаўынша, ортадағы жай адамды жерлеў дәстүрин атқарыў ушын, астрономиялық бақлаўлар ушын салынған.[2] Бул жерден табылған материаллар қурылыс ҳәм архитектура менен қатар өнерментшиликтиңде жақсы раўажланғанын көрсетеди. Ылайдан исленген кишкене скульптуралар, тастан, мыстан соғылған ҳәртүрли безениў затлары, ыдыслар хорезмли өнерментлердиң шеберлигинен дерек береди.

---

1. *С. П. Толстов, Т. А. Жданко, М. А. Итина.* Работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции АН СССР в 1958—1961 гг.. Материалы Хорезмской экспедиции, вып. 6, стр. 36—37. С. П. Толстов, По древним дельтам ОКСА и Яксарта. М. 1962, стр. 80—86.

2. *С. П. Толстов.* Работы Хорезмской экспедиции АН СССР по раскопкам памятника IV—III вв. до н. э. кой—крылган-кала. ВДИ, 1953, № 1 стр. 160—174. Он же, Двадцать лет работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. „Советская этнография“, 1957, № 4.

Усы дәўирлерде Хорезмниң дала районларын жайлаған апасиак қәўимлери менен байланысы күшейеди. Түслик-Батыс Қазақстан территориясындағы Чирик-рабат, Бабиш-молла деп аталатуғын апасиаклар қорғанлары (бизиң эрамызға дейинги IV әсирде салынған) Хорезмниң қурылыс техникасын, архитектуралық усылларын пайдаланған. Соның менен қатар апасиаклар мәдениятында жергиликли өзгешеликлер де сақланған: Мысалы басқаша етип соғылған темир буйымлар ҳәм жарақлар, ыдыслардағы нағыслар.

Бизиң эрамыздың III әсиринде Хорезм Орта Азиядағы ең ири ҳәм мәдениятлы мәмлекетлердиң бирине айланады. Онда архитектура, сүўретлеў искусстволары, өнерментшилик, музыка, саўатлылық раўажланған. Хорезмниң пайтахты Топырақ қала халықтың искусствосы ҳәм мәдениятының жоқарғы дәрежеде болғанын көрсететуғын бирқанша баҳалы естеликлер берди.

Қала төртмүйешли планда (500×350 м) етип қам гербиштен өрилген. Арқа-батыс мүйешинде патшаның сарайы орналасқан. Ол басқа жайлардан бийик ҳәм салтанатлы болған. Сарайдың кең заллары живопись ҳәм скульптура менен безелген. Заллардың биреўинде семья ағзалары менен турған патшалардың статуялары, және бир залда әскерлердиң фигуралары қойылған. Ылайдан соғылған скульптуралардың сырты боялған. Дийўалда бояў менен салынған үлкен композициялық сүўретлер болған. Сарайдың ишки көриниси де, архитектурасы да Хорезм патшасының даңқын көтермелеўге арналған. Бунда архитектура, скульптура ҳәм живопись шығармаларының бир-бирине байланысы жақсы табылған. Патшалар залынан табылған скульптуралар идеаластырылған сулыў келбетти береди. Художник шығармасына монументаллық көтеринкилик бериў арқалы өз патшалығының күшин мақтаныш етеди.

Топырақ қала сарайының гейбир залларында ҳәртүрли жергиликли бояўлар менен дийўалға салынған декоративлик нағыслар, көп фигуралы ўақыя көринислери болған. Адамлардың денеси, бет бурыўлары ҳәр түрли етип берилген. Адамлардың сезимлерин, ҳайўанлардың характерин шеберлик пенен ҳәм ҳәртүрли усылларда бериўине қарағанда топырақ қалалы художниклер бурыннан киятырған жетилискен традицияларға ийе болғанын көрсетеди.



Бизиң эрамыздың IV—V әсирлеринде Хорезмге шығыс жағындағы көшпели ҳәм ярымкөшпели қәўимлер (гуннлар, аланлар) басып киреди. Буның себебинен Хорезм мәдениятына айтарлықтай өзгерислер енеди. Тахта-көпир районының территориясындағы Барақ-там Хорезм архитектурасына көшпелилердиң қара үйиниң традициясы араласқанын көрсетеди: археологлардың болжаўынша, жайдың екинши этажының төбеси кийизбенен жабылып турған.[1]

Хорезм халқының VI—VIII әсирлерде Арал жағалардағы „батпақлықлардағы қалалар" турғыншылары менен мәдений катнасықлары Әмиўдәрьяның аяғындағы Күйик-қала, Төк-қала усаған археологиялық естеликлерде көринеди. Булардың қурылыс материалларында, жайларды планластырыўында хорезмли усталардан үлги алғаны сезиледи.[2]

Төк қаладан (Қарақалпақстанның Кегейли районында) VII—VIII әсирлерге тийисли оссуарийларға (өлген адамның сүйеги салынатуғын қуты) соғылған сүўретлер табылды. Булардың бәринде өлини жерлеў дәстүри сүўретленген. № 27 оссуарийда өлген ҳаялдың аяқ жағында еки еркек, басында еки ҳаял урыўға төсин жалаңашлап тур. Қақпаққа соғылған ҳаяллар шашларын жулып, бетлерин тырнап жылап атыр. Өлиниң шашын услап жерде отырған ҳаял көйлектиң сыртынан алды қаўсырылмаған ақ жеңсиз бешпент кийген. Артта көринген қапының жоқарысына ортасында кишкене дөңгелеги бар ярым ай соғылған. Бул символлық белги шаңыщқы нағыс деген ат пенен сәл өзгерген түрде қарақалпақ кестелеринде, ноғайлардың келиншек мингизетуғын арбасында ушырасады.

IX—X әсирлерде Араб халифатына бағынышлықтан қутылған Хорезм мәденияты ҳәм илими гүлленген Орта Азиядағы ең даңқлы елге айланады. Сууы толы каналларда сәўдегерлердиң кемелери жүзген, егисликлердиң,

---

[1]. *С. П. Толстов.* Работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции АН СССР в 1955—1956 гг. „Советская археология", 1958, № 1.

[2]. *Е. Е. Неразик, Ю А. Рапопорт.* Куюк-кала. Материалы Хорезмской экспедиции, вып. 1, М. 1959. А. В. Гудкова и В. Н. Ягодин. Археологические исследования на городище Ток-кала „Общественные науки в Узбекистане", вып. 5, 1961 А. В. Гудкова, Ток-кала. Ташкент, 1964.

бағлардың ушы-қыйыры болмаған.[1] Хазарасп, Хийўа, Гурганж (Ургенч), Шорахан, Кят (Кас), Нарынжан, Миздакхан сол ўақыттағы атақлы қалалардан болған. Ҳәзирги Бируний районының орайына жақын жерде болған Кят сулыў, илимпазлары ҳәм билимли адамлары көп, байлығы мол, адамлары рәҳәтте жасайтуғын қала болған. Оған Мавреннахр, Туркистан сәўдагерлери келетуғын болған.[2]

Нарынжан қаласындағы мазардың XIV-әсирде исленген қулпы-тасындағы нағыслар XIX—XX-әсирдиң басында қарақалпақ зергерлери ислеген ҳәйкел, түймелердеги өсимлик нағыслары менен усас.[3]

VIII—X-әсирлерде Арал бойын жайлаған көшпели түрк қәўимлери огуз ҳәм печенег урыўлар бирикпесин қурайды. Шарўашылық ҳәм дийқаншылықты қатар алып барған огузлардың ири қалалары да болған. Сырдәрьяның тараўларының бири Инкар дәрьяның бойына XI-XII-әсирлерде салынған Сырлы-там деген мазар огузлердиң архитектурада үлкен шеберликке жетискенин көрсетеди. Пискен гербиштен өрилген мазардың бийик порталы ойып нағыс салынған плиталар менен безелген. Ишки дийўалда—бояў менен исленген нағыслардың изи бар. Мазардың төбеси бийик сулыў гүмбез бенен бекитилген[4]. XI—XII-әсирлерде огуз-печенег қәўимлери Иртыш жақтан келген қыпшақ қәўимлерине бағынады. Олардың бир бөлеги Волгадан өтип Киев Русының жерине жайласса, екиншиси Қыпшақлар Союзында Арал бойларында жасап қалады. Қарақалпақлардың ата-бабалары деп аталатуғын бул түрк қәўимлери жылнамаларында „черные клобуки" деген ат пенен Киевтиң түслигинде Рось дәрьясының бойында жасайтуғын халық сыпатында, ал теңиз бойындағылары „қара бөрикли" деген ат пенен XI—XII-әсирлерде тилге алынады[5]. „Черные клобуки" лердиң Киев Русы менен

---

1. Материалы по истории туркмен „Туркмении т. I, стр. 185.
2. Материалы по *истории туркмен и Туркмении.* т. 1, стр. 187, 216.
3. *Б. П. Денике* Архитектурный орнамент Средней Азии. М-Л. 1939, рис. 99—102.
4. Материалы Хорезмской экспедиции. вып. 6, стр. 81 1963 г, Москва.
5. Очерки истории Каракалпакской АССР. т 1, стр. 118. Ташкент, 1964.





Ковали аўылының қапталынан табылған половецли жаўынгердиң әскерий курал-сайманы.

қонсылығы, соның менен бир ўақытта қыпшақлар менен (рус жылнамаларында-половцы, олардың ақ реңлилигин билдиретуғын, кобан, коман деген атлары да болған[1]. Ҳәзирги Кубан даласы, Кубан дәрьясы қарақалпакша куба ғаз, куба қус деген түсиниклер сол дәўир менен байланыслы болыўы мүмкин) байланыслары мәдениятында да из қалдырды. Рось дәрьясының бойындағы „черные клобукилардың" сол заманлардағы қәбиринен археологлар бирқанша қурал-жарақ ҳәм безениў затларын тапқан. Олардың ҳәзирги халықлардың өнерментшилиги менен салыстырып изертлеў бойынша арнаўлы жумыс исленбеген менен сырға, жүзик, тоға усаған затлардың ҳәзирги қарақалпақ үлгилерине усаслығы бирден көзге түседи[2].

Әййемги дәўирлерде Алтай далаларын, Иртыш дәрьясы бойларын жайлаған түрк қәўимлеринде ағаштан ямаса тастан исленген скульптураларға табыныў дәстүри болған. Қыпшақлар оны Қазақстан, Түслик Россия далаларына да көплеп қойған. Қыпшақлардың тилин, динин қабыл етип алған печенеглер „черные клобуки"лер де скульптураға табыныўды өз дәстүрине айландырған[3]. Сол дәўирдеги рус әдебиятында („Слово о полку Игорове") „болван" деген ат пенен белгили бул үлкен скульптуралар Қазақстан ҳәм Қырғызстан далаларында „балбыл" деп аталады. Түслик Россиядағы көшпелилердиң сол заманларда скульптураға табыныўын низами Ганжауи „Искендер-нама" китабында былай сүўретлеген: „Барлық қыпшақ қәўимлери бул статуяның алдына келгенде еки бүгиледи. Жаяўлап келсе де, көликли келсе де, алдында турып жаратқанына бас ийеди. Атлы жаўынгер садағынан оқ алып оның алдына қояды. Шопан қойлары менен дус келип қалса биреўин алдына әкелип шалады[4]" Соның менен қатар Поросьеде (Рось дәрьясының бойында) жасаўшы „черные клобуки" қәўимлериниң (төрки, беренде, печенеги) арасында христиан динине өтиў болған. Усыған байланыслы олардың атлары өзгереди, отчество пайда болады. (1159-1190-жыллардағы русь жылнамаларында Тудор Сатмазович, Каракоз Мюзович, Петр А[illegible]рович, Дмитрий Ейкович усаған атақлы адамлар ушырасады[1].) Олар Киев Русының әскерий ҳәм диний ислерине актив араласқан. Ҳәзирге келип жеткен қарақалпақ нағысларында христиан дининиң белгиси атанағыштың (кресттиң) неше түрли вариантларын, Киевте XI әсирде салынған София соборының дийўалларына бояў менен исленген нағыслардың айырымларын қарақалпақ усталары елеге дейин қайталайтуғыны усы дәўирлердеги байланыслардың изи болыўы мүмкин.

XIII-XIV әсирлерде қарақалпақлардың ата-бабалары жайлаған территориялардың көбиси дәслеп Алтын Орданың, соңынан Ноғай ордасының сиясий бирлеспесинде болған. Бул дәўир ҳәртүрли қәўимлердиң және де жақынласыўы, соның менен ири қәўим бирлеспелериниң халық болып биригиўи менен характерленеди. XV-әсирде Ноғай ордасы бөлинген ўақытлары Едил-Жайықты жайлаған қарақалпақлардың бир бөлеги Сырдәрья бойына қайтады ҳәм XVI әсирден баслап тарийх аренасына жийи шыға баслайды. Тек дәстанларда Едил-Жайық бойларының көп айтылыўынан емес, ал Волга, Урал бойындағы ҳәзирги халықлар менен бирқанша кийимлериниң, кийимге нағыс салыў усылларының усаслықлары ноғайлы дәўири қарақалпақлардың елеге жетерли изертленбеген мәдений тарийхында айтарлықтай әҳмийетли болыўы мүмкин. Ислам динин қабыл етип алғаннан кейин қарақалпақларда скульптуралар ушыраспайды. Бирақ бурын скульптура, естелик деген мәнини билдирген „Ҳәйкел" сөзи елеге дейин сақланған. Ҳәйкел өзбек ҳәм тәжиклерде ҳаял-қызлар өңирине тағатуғын безениў заты менен бирге скульптура, естелик дегенди де аңлатады. Қарақалпақ ҳәйкелиниң жоқарғы жағы көбинше қошқардың ямаса қарамалдың басына, айырым жағдайда бүйиринен таянып турған ямаса қатар турған бирнеше адамға усас болып келе-

---

1. *А. Н. Пономарев.* Куманы-половцы. „Вестник древней истории", 1940, № 3—4.
2. *Федоров—Давыдов А. Г. Кочевники* Восточной Европы под властью золотоордынских ханов. М. 1966. стр. 206.
3. XVIII-әсирдиң басында Сырдәрья бойындағы қарақалпақлар өзлерин қара қыпшақлар депте атаған. Қараңыз: И. И. Георги, Описание всех в Российском государстве обитающих народов",— СПб., 1776, т. II. стр. 82—83.
4. Низами Ганжауи, Искендер-наме, Баку, 1940, стр. 315—318.



---

1. Полное собрание русских летописей т. II, стр. 206 Москва, 1962.

ди. Ҳәйкел тек безениў заты емес, ал ислам динине дейин табынып келген караматлы ҳайўанның ямаса адамның сүўрети, естелиги екени гумансыз нәрсе.

Сөйтип, ислам динине дейин азлы-көпли болған сүўрет искусствосының традициясы қарақалпақларда ҳәм басқа көшпели халықларда соң жоқ болып кетеди. Буған динниң қадағалаўы да, халықтың көшпели турмысы да, мәдений артта қалыўшылығы да себеп болған. Көшпели халықларда араб еллеринен келген ҳәм жергиликли шеберлердиң таланты менен жаңа формаларын тапқан архитектура (Самарқанд, Бухара); миниатюралық живопись (Кемалатдин, Бехзад, Мухаммед Самарқанди) аса раўажланбады.

Түслик Қазақстандағы Айша-бийби мазарының (XIII—ә.) Түркстандағы Хожа—Ахмед Яссауи мазарының (XIV—ә), Самарқандтағы айрым мазарлардың дийўалына исленген нағысларда көшпелилер искусствосының тәсирин байқаў мүмкин. Қарағанда областындағы Алаша мазарында гербишти қырына ҳәм жалпағына қойыў менен исленген геометриялық фигураларда (тор, текшели ромб) монументаллық архитектураның безеўи менен қара үйдиң архитектуралық формасының максимал жақынласқанын көремиз. Бунда керегениң конструкциясы (тор) ҳәм орама ший менен қурақтың нағыс үлгиси (текшели ромб) пайдаланылған. Орта Азиядағы көшпели халықлардың творчестволық таланты Октябрь революциясына дейин поэзияда, фолклорлық музыка ҳәм нағыс өнеринде кеңнен көринеди.

XVIII-әсирдеги қарақалпақлардың кийиниўи, ҳаял қызларының безениўи туўралы мағлыўматларды 1740—1741-жылы Сырдәрьяның аяғында болған Россияның елшилери Д. Гладышев ҳәм Н. Муравинниң жазғанларынан табамыз[1]. Олардың айтыўынша, ҳаяллар маржан тағылған, мыстан ислеп гүмис жалатқан шевкала дегенди басына кийетуғын болған; олар сүўретлеген касавой деген баскийим қарақалпақларда XX-әсирде төбелик деген ат пенен белгили гүмистен исленген той кийимине усас.

Сырдәрья бассейниндеги қарақалпақлар жасаған жерлерде үлкен инженерлик уқыпты көрсететуғын ирригациялық архитектуралық қурылыслар сақланған (Қырмақшы-ата, Орынбай-қала, Айтеке мазары, А. Макгаханның „Оксустағы урыс ҳәм Хийўаның қулаўы" деген китабында сүўретлейтуғын ҳәзир сақланбаған үлкен қорған-қала ҳәм т. б.

XVIII-XIX-әсирдиң басында Сырдәрья бассейниндеги „төменги" қарақалпақлар Хорезмниң арқа жағына көшип келеди. XIX-әсирдиң соңы XX-әсирдиң басында қарақалпақлар Хийўа - үлгиси бойынша ири архитектуралы қурылыслар соққан. Булар қорғанлар, мазарлар, диний орайларға салынған мешит, қойымшылық ҳәм басқа жайларды ишине алатуғын архитектуралық комплекслер, қалалардағы кварталлар.

Қоңырат районының Свердлов совхозының территориясындағы Жаңа-қала деп аталатуғын қорған төрт тәрепи тең болып бирнеше гектар жерди қамтыйды. Оның арқа ҳәм қубла тәреплеринен кең бийик дәрўаза шығарылған. Дәрўазаның еки қапталындағы ишки дийўалды бойлап көп бөлмелер салынған. Дийўалдың ишки жағынан адам жүре аларлық қосымша дийўал өрилген. Қорғанның ҳәр мүйешлеринде қараўыл туратуғын майданшалар, оқ ататуғын тесиклер бар.

Ийшан қала (Халқабад қаласының қасында) комплексинде бийик жайдың дийўалына ойып ислеген, есиклердиң маңлайшасына, тиреўбақанларға, мазарлардың айырым ағашларына ойылған нағыслар жақсы сақланған. Нағыс ойыўда, жайдың дийўалын, мазардың гүмбезиң өриўде қарақалпақ усталары шеберлик ҳәм пухталық көрсеткен. Усы дәўирлерде Қарақалпақстанның Қоңырат, Шымбай, Төрткүл усаған қалалары көп еллер менен саўда қатнасығын жасап турған, буларда өнерментшилик, билим раўажлана баслаған. Шымбайда ески мектеплерде балалар диний сабақлар менен бирге Наўайының, Хафыздың шығармаларын үйренген. Төбеси бастырылған саялы көшелерде жергиликли өнерментлер шатыраш ҳәм көк бөзлер (шанжала), гилемлер, тас ыдыслар, шет ел саўдагерлери жипек, шыт, дәрилер, жемислер сатқан. Қала дөгерегинде мийўели бағлар көп болған[1]. Қоңырат қаласында Хийўа типинде ис-

---

[1]. Поездка из Орска в Хиву и обратно, Совершенная в 1740 | 1741 гг. Гладышевым и Муравиным. СПб, 1851, стр. 68.

[1]. *Риза—кули—мырза.* Краткий очерк Аму-дарьинской области. СПб, 1875.

ленген хайўанлы жайлар болған („Есиги хайўанлы, бағшалы бағы,—дейди халық қосығы). Хийўа ҳәм қарақалпақ мыскерлери ислеген қуманлар, самаўрынлар (самоварлар), дүңлер, нағыс ойылған қапылар, хайўандағы тиреў бақанлар (судинлер) Шымбай қаласында ҳәзирге дейин ушырасады. Қарақалпақ қалаларында Шығыс классикалық поэзиясының үлгилери, дәстанлар қолжазбасы тарай баслайды. Жыраўлық, бақсылық пенен қатар бул дәўирде қарақалпақларға тән қыссаханлық искусствосы раўажланды.

Бурын жазыўы болмаған көшпели ҳәм ярым көшпели халықларда фолклорлық творчество айрықша раўажланған болады. Бунда халық—„бизлер қүмбез, қайданбыз“ деген сораўға жуўап излеў менен бирге өзлериниң тәбият ҳәм өмир сулыўлығына сүйсиниўин, эстетикалық принциплерин сақлап ҳәм раўажландырып келеди. Тарийхый ўақыялар тиккелей сүўретленбесе де, халықтың қол өнери оның басынан кеширген өлеўли гезеңлерин нағысларында сәўлелендиреди. Нағыслар, кийимниң я заттың аты, формасы басқа халықлар менен болған қоңсылықтың, қатнасықтың, араласыўдың изин сақлап қалады. Искусство шығармасы сыпатында ҳәрбир халықтың қол өнери өзиниң нағыслар, реңлер арқалы берилетуғын өзгешелигине ийе. Қарақалпақ халқының кол өнери усы көзқараслардан үлкен қызығыўшылық туўдырып изертленип ҳәм жыйналып атыр.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ҚОЛ ӨНЕРИ

Хорезм ойпатынан басқа жерлерде жайласқан қарақалпақлардың қол өнери С. М. Дудинниң „Орта Азия гилемлери“ деген жумысындағы Самарқанд қарақалпақларының гилемлери түўралы жазғанынан басқа, арнаўлы изертленбеген. Сонлықтан ҳәзирги ўақыттағы қарақалпақ халық қол өнери бойынша изертлеўлер Қарақалпакстан АССР ында жасаўшы халықтың творчествосын алады. Қарақалпақ халық қол өнери Совет илимпазлары тәрепинен жыйналып изертлене баслады. XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басында Қарақалпақстанға келген европалылар халықтың кийиниўи, безениў ҳәм турмыс затлары туўралы тек үстиртин ғана жазған. 1873-жылы жазда Жаңа-дәрьяда болған америкалы журналисти А. Я. Мак-тахан, 1874-жылы Шымбай базарын көрген Риза-кули-Мирза, 1901-жылы Петро-Александровскиден Нөкиске дейин қайықлы саяхат еткен А Россиковалардың жазғанларында қарақалпақ қол өнериниң үлгилери азлы-көпли сүўретленеди.

1930-жыллары Москва, Ленинград илимпазлары басшылық еткен экспедициялар қол өнери үлгилерин жыйнаў, сүўретке түсириў жумысларын жүргизеди.

1927-жылы Г. Шульц тәрепинен Шымбайдан апарылған нағыслы сандық, сабаяқ, гүзе, тас-табақлар Ленинград тағы антропология ҳәм этнография музейиниң қарақалпақ бөлимин қурады.

1928-1929-жыллардағы А. Л. Мелковтың экспедициясы соңынан С. П. Толстов, Т. А. Жданко, А. С. Морозова, И. В, Савицкийлер жыйнаған қарақалпақ қол өнериниң үлгилери Ленинградтағы этнография музейинен, Москвадағы Шығыс халықлары искусствосы музейинен, Нөкис музейлеринен орын алды.

Ҳәзир қарақалпақ халық қол өнери илимпазлар, художниклер арасында кеннен белгили.

Қарақалпақ халқы XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басында жоқары шеберлик ҳәм эстетикалық байлықты көрсететуғын нағысланған кийим, безениў затларын турмыс буйымларын ислеген. Отаўдың әшекейлери, қыз-келиншектиң мереке кийимлери, жүйрик аттың ер турманы ҳәм басқа көп нәрселер халық шеберлериниң творчестволық фантазиясына оятып отырған.

Белгили нағыслардан композиция қурыў, бояўларды сайластырыўда халық шеберлери түўесилмейтуғын вариациялар жасаған. Затлардың формасында, олардың атында, нағысланыўында, ислениў техникасында қарақалпақ қол өнери буйымларының басқа бирқанша халықлар исскуствосы менен усас жерлери бар. Солай болса да ол өзиниң тәкирарланбайтуғын өзгешеликлерине ийе.

Қарақалпақ қол өнери мынадай түрлерге бөлинеди: зергершилик, кесте тигиў, гилем ҳәм қур тоқыў, ағашқа нағыс ойыў, сүйекке ҳәм териге нағыс ойыў ҳәм басқалар.

Зергершилик дүньядағы ең ески өнерлердиң бири. Қарақалпақ зергерлери сырғаның, билезиктиң, жүзиктиң формасы бойынша бир-биринен өзгеше көп түрлерин ислеген. Жапыраққа усаған майда сыңғырлаўықлары алқымның асты менен жуп сырғаны тутастырып туратуғын ҳалқаплы (ямаса силсинели) сырға, бармақларға өткерилген қаслы жүзиклер менен майда шынжыр арқалы туғасып туратуғын қос билезик ҳаял-қызларға салтанатлы түр береди. Ҳәйкел-қарақалпақ зергерлериниң әжайып дөретпеси. Жоқарыда айтылғанындай, ол исламға дейинги табыныў затының белгилерин бирқанша ашық сақлап ҳәм соның менен бирге безениў заты сыпатында өзиниң сулыўлығын жетилистирип келген. Зергерлер оның басын мүйиз етип ислегенде де, гүмбезге, қолын көтерип турған адамға ямаса қатар турған үш адамға усатқанда да оның сәнли болыўын естен шығармайды. Ҳәрбир ҳәйкелге бес-алтыдан ҳәм оннан да көп қызыл қас орнатады (оны қас деп атап, адам сүўретине абайлы силтеў береди). Ашық қалған кеңисликлер металл менен сызып исленген нағысларға толтырылады. Көбинше нағыслар өсимлик, гүл, болады, оларға гейде алтын жалатады. Қызыл таслар, оның дөгерегиндеги шыйратылған алтын нағыс, сурғылткөгис гүмис фон бәри қосылып қызықлы реңлер бирикпесин береди. Ҳәйкелдиң капталларына тигинен төрт ямаса алты қатар етип түймелер тағылған. Дәслеп түйме тек жағаны илдириў ушын шығарылса да (түйметүйиў, байлаў, дегеннен) соң ол безениў затына айланып, ҳәрбир қыз-келиншек онлағанын таққан. Жумалақ түйме менен аралас ортасына қас қондырылған бақа (жалпақ) түйме тағылады. Оның капталларындағы өсиңкилери шынында да бақаны еске түсиреди ҳәм бул да исламға дейинги диний исенимниң белгиси шығар деген ой туўдырады. Түймелерден төменде жуп шар түйме (төрт түйме, оның атанаққа усаған төрт тәрепи бар), 8 цифрына усаған гилтшалғыш ҳәм ең төменде қыстырылатуғын—өңирмоншақ. Өңирмоншақ гүмбезге усаған ярымшар. Оның үсти геометриялық ямаса өсимлик нағысы менен безеледи. Ҳәйкелдиң, шартүймениң, өңирмоншақтың майда шынжырларға тағылған кишкене қоңыраўлары болады. Булардың барлығы тиккелей көйлекке емес, гейде кестеленген өңиршеге тағылатуғын болған. Өңиршени де ҳәйкелге усатып мерекеге барарда мойнына тағып шыға беретуғын болған. Қарақалпақ келиншеклериниң той кийими төбелик ҳәм сәўкелениң де көп деталларын зергерлер ислеген. Төбелик жуқа гүмис қаңылтырынан исленеди, алдындағы төбесиндеги бөртикшелерге қас қондырылады. Сәўкелениң қыранларын, бүршиклерин зергер ислейди. Қарақалпақ зергерлери затларын гүмистен ислейди. Тек нағыстың орайларына, баслаўшы нағысларға алтыннан нуў жалатады. Қас ушын қызыл тас, көк тас, (бирюза пируза) қолланады. Әсбапларының жүдә әпиўайы болыўына қарамастан зергерлер техникалық жақтан сапалы ҳәм көркемлиги бойынша жоқары туратуғын затлар ислеген. Алтын жалатқан гүмис „қыранлар" шынында да бүркитти еске түсиреди. Қулақтың үстин, маңлайды жаўып туратуғын қызыл маржан моншақлар дизбеги сәўкелеге жаўынгердиң саўашта кийетуғын кийиминдей түс береди. Ал оның шекелигиндеги узын моншақлар кереге көз етип дизилген (Ленинградтағы СССР халықларының этнографиясы музейиндеги сәўкеле). Сәўкелениң шекелигине ҳәртүрли нағысланған моншақлардың, моншақ емес домалақ қатты затлардың

да дизилиўи, артындағы өкшеге түсетуғын узын ҳалақасының ушының бирнеше ири тисли болып питиўи, бираз адамлардың айтыўынша оған да ҳәртүрли темирлердиң тағылыўы оның салтанатлы түрине және ритуаллық мәни қосады. Бизиң ойымызша, сәўкелениң жоқарыда көрсетилген белгилери қарақалпақларда бурын болған порханлық пенен байланыслы. XIX-XX-әсирдиң басында Сибирь ханлықларында болған порханлардың (шаманлардың) баскийиминиң сәўкелениң ҳалақасы усаған қуйрығы болған, ол да безелген.

Бурын Орта Азия халықларында кесте ҳәм қурақ тигиў өнериниң жоқары раўажланғаны туўралы испаниялы саяхатшының Тимур сарайын мынадай сүўретлеўинен көриўге болады: „Шатырлардың биреўи сонша бийик екен, узақтан оны қорған-сарай деп ойлайсаң. Оның үлкенлигине ҳәм кеңлигине таңланбай қараў мүмкин емес, ал ишин сүўретлеўге тил жетпейди. Шатырдың қорған ямаса қалаға усатып ислеген дийўалы ҳәрқыйлы реңли қурақлары ба жипектен ислеген, жоқарысы тис-тис болып питеди. Оны иши ҳәм сыртынан жиплер менен тартып бекитип қойған, иш жағында қағылған қадалар сүйеп тур. Бийиклиги атлы адамға жетеди. Кирер есикте төрт қырлы минарлар исленген, олардың да басы тис-тис болып питкен. Барлық жипек дийўал кестелеп, қурап нағысланған болса да есиктеги ҳәм минарлардағы нағыслар бәринен өтеди. Иште ҳәртүрли ушығалар менен сәнли етип безеген және кишкене шатыр бар[1]". Кесте тигиў-қарақалпақ қызларының өнери. Бурын қызлар келиншек болып түсетуғын отаўын безейтуғын көп санлы қурлар ызба-дизбелер менен бирге, өзи кийетуғын киймешек, қәйин енеси ушын ақ жегде таярлайтуғын болған. Булардан басқа шайқалта, аткөзлик, бесиктиң тартқы баўы, тақия, сәўкелениң ҳалқабы (арттағы келте шибереги) кестеленетуғын болған. Және жипек ямаса пушқақ тонлардың жеңине сырттан кийгизип қоятуғын жеңсе, жең ушларға жипек, пашшайы жегделердиң жағасына кестелеп нағыс салынған. Ҳәрбир кийим ямаса кестеленген зат өзиниң пишилиўине, формасына қарай нағыстың орналасыўын талап етеди. Қарақалпақ кесте тигиў өнериниң және бир өзгешелиги—ҳәрбир кийимниң оны кийетуғын адамның жасына байланыслы өзгеше түси ҳәм нағыслар композициясы болады. Келиншек кийетуғын киймешек қызыл ушығадан исленеди, оған қызыл, көк, сары, ақ, жасыл реңли жипек сабақ пенен майдалап нағыс кестеленеди. Киймешектиң жалпы қызыл түси-жаслыққа тән (қызыл ҳәм қыз сөзлери-түбирлес). Қызыл киймешектиң алды ҳәм арт жағының жийеги кестеленеди. Киймешек алдының нағыс монтивлери жүдә бай, онда геометриялық, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясынан алынған нағыслар ушырасады. Бирақ қарақалпақ нағысына жалпы тән—қәсийет—өсимлик ямаса ҳайўанат толық берилмейди, оның айырым элементлери ғана сақланып, нағысқа айланып кеткен. Ҳаял-қызлар кестеде ҳәм гилемлерде, қурларда пайдаланатуғын нағысларының бәриниң дерлик атын биледи. „Қаўаша гүл", „ғаз мойын", „суў нағыс", „салма", „омыртқа", „сырға", „пискекше", деген нағыслар көплеп ушырасады. Сонда да бираз нағыслардың атлары, олардың мәниси умытылған. Жасы үлкейген ҳаяллар кийетуғын ақ жегделерде кийимниң сыртын толық қаплап туратуғын ири сийрек нағыслар бар. Олар гейде геометриялық фигуралардан турса (ромблар торы) гейде шақалы өсимликке ямаса шашбаўға усайды. Ири тор менен нағысланған ақ жегделердиң етегинде үш-төрт аяқлы үшмүйешликке қадалған, шақалы ағашқа ямаса қолын сермеп турған адамға усас фигуралар болады. Бундай композицияға теңиз бойындағы өсимликлер ямаса теңизге *аў салып атырған адамлар деп мәни бериўде* мүмкин. Ақ жегде бөзден исленеди, оған азлап сары, көк араласқан қызыл жипек пенен нағыс тигиледи.

Изертлеўшилер сырын толық аша алмай жүрген қарақалпақ кийими—көк көйлек. Ол қойыў көкке боялған бөзден исленеди. Еки жеңиниң ушы, алды ийнинен баслап етекке дейин тутас кестеленеди. Өңирден баслап етекке келетуғын баслы нағыс мотиви—бир тоқкадан шығып еки тәрепке қыялап жоқары кететуғын ҳәртүрли нағысларға толтырылған ленталар. Олар көкиректиң тусында жүдә енли болып еки я үш рет тәкирарланады. Жағадан салбырап турған сырғаны ямаса түймени еске түсиретуғын үш нағыс пенен бирге булар композицияның орайын қурайды. Ленталар тығыз,

[1]. Клавихо, Дневник путешествия Кодвору Тамерлана в Самарканд в 1403-1406 годах". СПб., 1881.

көлемли етип ири текшели ромбларға толтырылады. Араларындағы бос қалған көк фонда сынық мүйизли майда төрт мүйешликлер болады. Көйлектиң еки қаптал етеги де сынық мүйизли төртмүйешликлер менен толтырылады. Сынық мүйизлер қызыл, сары сабақлардан болып, узақтан қарағанда жулдызлы аспан кеңислигин еске түсиреди. Көк көйлек жүдә аз санда. Ол теңизге жақын районларда жасаўшы ямаса сол жақлардан көшип келген үйлерден табылады. Қазақ-дәрьядағы кемпирлер ондағы нағысты саўыт-нағыс деп атайды. Соған қарағанда көк көйлек қарақалпақлардың ең әййемги дәўирлеринен келип жеткен болыўы мүмкин.

Тоқымашылықтың қарақалпақларда үш түри тараған. Түкли гилем-техникасы, түксиз қурлар ҳәм алаша техникасы ҳәм усы екеўин де пайдаланған, яғный тықыр ақ фонға реңли рельефли нағыслар салып тоқыў техникасы.

Гилемдей түкли етип бурын кийим-кеншек салып қоятуғын ыдыс-қаршынның бет жағы, қара үйге нағысын ишке қаратып есиктиң тусына тағылатуғын есик қас, зат салатуғын ыдыслар—кергн, қаршын исленген. Қаршында (орташа размери 40х110 см) көп ушырасатуғын нағыс—„қаршын гүл" деп аталатуғын үлкен сегизмүйешлик. Ортасындағы ромбның иши текшели ромб ҳәм кишкене атанақ пенен толтырылған. Ромб менен сегизмүйешликтиң арасы төртке бөлинип, қарама-қарсы тәреплериниң реңлери бир болады: аққа қарсы ақ, қызылға-қызыл. Сегизмүйешликлер ири бир қатар ямаса майда еки қатар етип салынады. Олардың арасын нағыслы вертикаллар бөлип турады. Қаршынның жалпы колорити - қызыл. Гейде қойыў көк сегизмүйешликлерди қоршап турады ямаса аралықтағы вертикалларда ушырасады.

Есикқасларда (размери бойынша ол көбинше қаршындай) көп таралған нағыс горизонталь тәкирарланатуғын бир-бирине қосылып питкен сегизмүйешликлер, оның ишиндеги ромбтан жоқары ҳәм төмен текшеленип еки рет тәкирарланатуғын сынық қосмүйизлер шығады. Көк, сары менен жийекленген бул ақ түслиң мүйизлер сегиз-мүйешликтиң майданын толтырып, әдетте жақты аз жерде туратуғын есик қасқа ашық колорит береди. Бул баслы мотивке еки шеттеги қызыл үшмүйешликлер жеңил ритм берип турады.



Майда үшмүйешликлерге бөлинген квадратлар ромблар нағысынан туратуғын қаршын ҳәм есикқаслар сийрек ушырасады.

Қаршын ҳәм есикқасларда нағыс композициясы еки тәрепке қарап та созылып кете беретуғын—тәкирарланған мотивлерден турады. Үлкен нағыс фигурасын майда нағысларға ҳәртүрли реңлер ҳәм сызықлар менен бөлиў арқалы көп санлы колоритлик вариантлар ислеген еди. Қарақалпақлар бурын үлкен гилемлер де тоқыған. Бирақ, ҳәзир пүтин сақланған еки гилем ғана (Нөкисте ҳәм Ленинградта) ҳәм бирнеше ири гилемлердиң қалдығы бар. Буларда гилемниң барлық бети тәкирарланатуғын бир нағыс мотиви (көбинше ромб ишине жайласқан бириккен қос мүйиз) менен толтырылған. Жалпы колорити қызыл-қоңыр болып келеди.

Керги де гилем техникасы да, аралас техника да пайдаланылады. Аралас техникада исленген кергилерде аз қалдырылған ақ фон рельефли нағыс пенен жүдә байланысып, бәркулла нағыс болып түсиниледи. Кергиде сырты шыйратылған мүйизлер менен қоршалған горизонталь тәкирарланатуғын ромб фигуралары көп қолланылады. Ромбының иши кем-кемнен киширейген усы фигураның өзи ҳәм атанақ пенен толтырылады. Енли қалдырылған жийеклери ийрекей, текшели атанақ усаған нағыслардан турады. Кергиниң төрт мүйешинде пөпеги, төменги жийегинде шашағы болады. Олар ҳәртүрли реңли жүн сабақлардан исленеди. Кергиде ашық қызыл, сары реңлер басым болады.

Ақбасқур, жанбаў, ийинбаўлар аралас техника менен тоқылады. Булардың ҳәркайсысының узыны, ени ҳәр қыйлы болған менен нағысларында усаслық көп. Айрықша шеберлик ақбасқур тоқыўға жумсалады, себеби, ол отаўдың ең баслы деталы. Узыны 12—13 метрлик енли (30—40 см) қур рельефли ири нағыслар менен безеледи. Ортаға келгеннен кейин екинши ушына қарай нағыслар сол тәртибинде тәкирарланады. Сөйтип төрден есикке қарай ақбасқурдағы нағыслар үйдиң қай тәрепинде отырған адамға да толық көринеди. Ақбасқурдың нағыслары ақ (пахта) фонға қызыл, көк, қоңыр, сарыға боялған жүн сабақлар менен түкли (рельефли) етип тоқылады.

Горизонталь жайласқан ҳәрбир ири нағыс мотиви

фигуралар менен бөлинип турады. Еки тәрепинде ушы сынған шақалар симметриялы қайталанған бул нағыс „ғаз мойын“ деп аталады. Ақбасқурда мүйиз мотивиниң көп вариантлары ушырасады. Соның менен бирге затларды билдиретуғын нағыслар да бар: арыс, сырға, тарақ т. б. Ақбасқурды көбинше геометриялық нағыс қолланылады. Қарақалпақ ақбасқурлары яўмытларда, „ак-йуп“ деп аталатуғын басқурға жүдә усас болады. Екеўинде де енли горизонталь сызықтың еки жағына симметриялы орналасқан жапырақлы терекке ямаса гейде ашылмаған гүлге усас мотив бәркулла болады. Яўмытларда жапырақлардың ушы пышқының тислерине усап ништерленип келсе, қарақалпақ ақбасқурларында көбинше дөңгеленип, тыйпылланып питеди. Ең ушы ашылған гүлге, гейде қобыздың басына усайды. Ақбасқур, жанбаў, ийинбаўларда фон нағыс композициясына қатнаспайды. Ақ фонда турған қызыл-қоңыр колористтеги нағыслар өз күши менен сипуллық дөретеди. Фон олардың ҳәммесин бириктирип, ритм ҳәм паўзалар (тыныслар) берип, композициялық-нағыслық оңды баслап ҳәм аяқлайды.

Бул ақбасқурдың ҳәм қарақалпақ нағыс искусствосының баслы өзгешеликлериниң бири. Басқа горизонталь композицияларда (кесте тигиў, ағашқа нағыс ойыў) бир ямаса араласқан еки мотив шексиз тәкирарланады.

Аралас техникада „шийөңир“ есиктиң еки қапталына шийдиң сыртынан тутылады, суўғар есиктиң сыртқы етегине горизонталь егип қурайды, еки ушы есиктиң жийегин қаўсырып жоқары кетеди) тоқылады. Бунда мүйиз араласқан ромб фигуралары ири етип исленеди.

Рельефсиз тек ҳәртүрли боялған жиплер менен нағыс шыға—көптүрли қурлар, бояўлар исленеди. Узыны ҳәм ени ақбасқур менен тең, керегениң уўық пенен тутасқан жеринен тартылатуғын қызыл қурда қаралтым қоңыр фон бойынша қызыл жип пенен исленген иши сынық мүйизлер менен толған ромблар болады. Ени 15—20 см.лик қызыл, көк нағыслы қоңыр түсли қурлар қараүйдиң төринде уўықлардың арасынан шығып үлкен декоратив композиция жасап турады. Усы техникада алаша, алақап, дастурхан тоқылған. Алаша „ғаз мойын“, „сынық мүйиз“ деп аталатуғын нағыслар менен ямаса



нағыссыз ҳәртүрли реңли шыбықшалар исленип тоқылған.

Ала қап-қара, ақ реңли жүннен тоқылған. Ҳәзир ол турмыста ушыраспайды. Тоқыма дастурқан жүдә сәнли етип исленген. Ол узын, узыны метрден көбирек, ени 40 см. етип жүннен тоқылады. Сабақларды араластырып шалыў арқалы кереге көз ямаса ийрекей нағыслар исленеди. Еки ушының шыйратылған жиплерден узын 30—40 см шашағы болады. Ақ, қара жүнге азлап қызыл араласады. Дастурхан Қарақалпақстанның арқа районларында жақынға дейин исленип келген. Ол үйге сыйлы қонақ келгенде жайылған, бир жерге дастурханлап барғанда қолланылған. Басқа ўақытларда декоративлик элемент сыпатында үйдиң шеп жағына қыстырылып қойылған. Қурақ дастурхан ҳәм клиенкалардың тарқалыўына байланыслы ҳәм халықта өнерментшиликтиң жалпы кемийўи менен ол модадан шығып қалған.

Белжип, белдеўлерде керегениң ортан белинен тартып байлайды, размери (30—40 см) ақбасқурдағыға усас рельефли нағыс көк, сары. т. б. жиплер менен шалма техникасында исленген майда нағыслар менен араласып келеди. Рельефсиз етип қур тоқыў ҳәзир Қарақалпақстан АССР ының арқа районларында даўам етип киятыр. Гейбир жерлерде жас қызлар үлкен қызығыўшылық пенен қур тоқыйды. Бирақ айырым жерлерде нағыслар традициясы сақланса да реңлердиң гармониясы жойғылып баратырғаны сезиледи.

Қарақалпақларда кең таралған өнердиң және бир түри ағашқа нағыс ойыў. Усталар сандық ҳәм сабаяқтың бетине, үйдиң ергенегине ҳәм маңлайшасына, арбаның алтақтасына, қамытқа арба-ерге нағыс ойған. Ойма нағыслы астақта, қобдый, насыбай тостағанларда болған.

Нағыстың көп түрлери ҳәм оларды композициялаўда шеберлик ергенек, сандық, сабаякларда болады. Булар нағыс ойыўшы усталардың бас объекти, ҳәрбир хожалықтың ең көркем етип ислетиўге қызыққан затлары.

Ергенек ишке қарай ашылады. Оның сыртқы бетиндеги нағысы үй ашық турғанда да, жабық турғанда да көринеди. Ергенек тигине бирнеше көзлерге үш ямаса төрт бөлинип нағыс ойылған көзлер аралық тақтайлар менен бекитиледи. Көзлер горизонталь созы-



1. Сабаяк. 2. Ергенек. (деталь) 3. Дуўтар. 4. Кобыз.

лынкырған, квадрат, ал аралык тактайлар жиңишке болады, ондағы женил, созылып кеткен горизонталь нағыс композициялары көзлердеги геометриялык, өсимлик ямаса қошқар шақ етип исленген ири нағысларды толык бир композицияға бириктирип турады. Ергенекке колланылатуғын нағыс мотивиниң түрлери көп. Өсимлик, ҳайўанат дүньясының элементлеринен пайдаланып усталар олардан қыйын геометриялык фигуралар дүзеди. Мысалы қосмүйизди ямаса гүл нәўшесин ҳәртүрли бағдарда жайластырып бириктириў аркалы питкен бир нағыс композициясын дүзеди. Көп усталар жука териден ямаса қағаздан исленген нағыс үлгисин қолланған. Үлгини тақтайдың үстине бекитип шетлерин өткир нәрсе менен (көбинше биз) сызып шығатуғын болған. Соннан кейин қалған из бойынша ушы өткир пышақ, қырғы менен нағыс ойған. Көбинше жумсақ ағашлар алынған (ақтал, сөкит). Ергенек қуяшта көп турады, тез тозады. Шыдамлы етиў ушын усталар питкен ергенекти жосаға[1] бояған бояў кепкеннен кейин сыйырдың талағын ямаса өгиздиң қанын жаққан. Бул ергенектиң нағыс ойылғаң бетин беккемлеген ҳәм нағыслар қара-қоңыр фонда жақсы көринетуғын болған.

Үстине жүк жыйнаў ушын исленетуғын сабаяктың көбинше асты-үсти, капталлары ашық болған, оның адамларға қараған бети тақтай менен жабылып, нағысланған. Ишине қымбатлы кийим (сәўкеле) салып қоятуғын түпли кишкене сабаяқлар да болған.

Үлкен сабаяктың нағысланатуғын бети вертикаль енсиз аралық тактайлар менен бирнеше төртмүйешли көзлерге бөлинеди. Алдыңғы еки туяғы, оларды бириктирип турған горизонталь тақтайлар, көзлер—ҳәммеси жалпы бир композицияға бағындырылып нағысланады. Көзлери барлык кеңисликти алып туратуғын дөңгелек ямаса ромб менен толтырылады, гейде бир козде ҳәртүрли нағыс элементлеринен үлкен композиция қурылады. Мысалы: көздиң ортасындағы рельефли етип исленген үлкен өсимлик мотиви (ғумша) майда квадрат ҳәм үшмүйешликлер менен қоршалады. Сандык-үстине жүк жыйнаў менен бирге ишине зат салып қойыў ушын да пайдаланылған. Оның барлык тәрепи бекитилип,

---

[1] *Жоса—Қырантаў. Қаратаўдан алынатуғын тәбийғый бояў*

алдындағы бир көзи ашылып-жабылатуғын қақпақ болады. Сандықтың төменги алдына туякка жақынлаған сайын енли болып келетуғын тақтай қойылып, оған да нағыс ойылады. Бул сандықты сабаякқа қарағанда үлкен, сәнли етип көрсетеди. Бирқанша сандықлардың иши еки текшели болады. Текшелерин сыртқы конструкциясы да жақсы көрсетип турады: горизонталь, вертикаль аралық тақтайлар еки „этаждың“ шегарасын белгилейди. Еки текше бири-бириниң нағысын қайталамайды. Бундайда төменги текшениң ойма нағыслары болса, жоқарғы текшениң көзлери бирдей етип гәрекке жонылған ағашлардың вертикаль дизбегинен исленеди.

Сандық хәм сабаяқларда инкрустация қолланылады. Инкрустация ушын сүйек хәм қызыл ушыға қолланылады. Олар ағаштан исленген затты жүдә өзгертип жибереди. Ағаштың гүңгирт, ойманағысы көп емес фонында ақ хәм қойыў қызыл үшмүйешликлер ямаса ромбалар дизбегиниң энергиялы ритми сабаяқ ямаса сандыққа ықшамлы, жеңил түр берип турады. Сүйек хәм ушығадан әпиўайы геометриялық фигуралар ғана исленеди.

Ат ерге хәм дуўтарға да сүйек ойып нағыс салынған. Олар ақ баслы ер, аламойнақ, дуўтар деп аталған. Ат ериниң басына, артқы жийегине сүйек, жийегине сүйек қойылады. Дуўтардың мойнына сүйек пенен толық жабады. Жиңишке сүйек лентасы дәстеде, қундақта болады. Ойма дуўтарларда мойыннан қундақты бойлап ушы найзаланып питкен бирнеше сүйек лентасы салынады, Ерге, дуўтарға, ойылған сүйекте әпиўайы геометриялық нағыслар—бириниң ишине бири орналасқан дөңгелеклер, ийрекейлер болады. Нағыслар өткир нәрсениң ушы менен сызып исленеди, сызықлар ўақыттың өтиўи менен қараўытады ямаса уста оған майлы күйе жағады. Айырым хәзирги усталар (Нөкистеги Бектурған уста) сүйекке сийрек етип қызыл бояў жағады.

Кегейли районындағы Сейтнияз—уста кишкене етип соққан дуўтарларының мойнына хәзир азғана сүйек ояды, реңли бояў жақпайды. Ол дуўтардың өзин де көбинше бояў я лак жақпай шығарады-ағаштың өзиниң тәбийғый реңкин сақлағысы келеди. Сүйек ойыў ушын түйениң ямаса ири қарамалдың қабырғасы пайдаланылады. Дуўтар соғыў хәм оған сүйек ойыў-қалпақ, халық өнериниң хәзирги даўам етип атырған түрлериниң бири.



Териге нағыс салып исленген затлардан қарақалпақларда тебинги,шынықап, шанаш, геўиш болған.

Тебинги көлем 30х20 шамасында бир тәрепи толық нағысланған қалың тутас тери. Нағыс темирдиң ушы менен урып ойып исленеди. Геометриялық ямаса өсимлик нағысынан исленген үлкен композиция онша енли емес геометриялық нағыс лентасы менен жийекленеди. Тебинги зәңгиниң баўы аттың қапталларын ғайзамас ушын қолланылады. Қалың териден тигилген қыз-келиншеклерге арналған бийик өкше геўиштиң арт жағына ойып ийрекей нағыс салынған.

Шынықап (шыны—Қытайда исленген фарфор ыдыслар қарақалпақта усылай аталған: шыны каса, дәстанлардағы шыны шәхәри—қытай ели) халықтың бурынғы көшпели турмысына байланыслы шыққан бул ыдыс жолаўшы ишине кесе салып аттың ерине қыстырып жүре бериўине қолайластырылған. Формасы дуўтарға бирқанша усап келеди. Дүңки жағы териниң бирнеше ушмүйешли қыйықларынан қуралып, жиңишке жалпақ мыс сым менен нағысланады. Жалпақ жағы нағысланған тутас бир териден болады. Териден исленген шанашларға (ун, сөк, тақан салатуғын ыдыс) қызыл, қоңыр хәм қара реңли ушығалардан нағыс қыйып үстине тигиў қарақалпақларда ең сийрек ушырасатуғын өнердиң түри. Шанаштың узын бойына үлкен етип исленген бир түрли нағыс еки-үш рет тәкирарланады. Тәреплери мүйизленип питкен атанақ, үшмүйешликлерден қуралған атанақ нағыслар ең көп ушырасады. Техникасы аппликация (яғный қураў) нағыс бойынша да бул қарақалпақлардың хәм басқа бирқанша халықлардың ең ертедеги турмысынан сақланып келгенин көрсетеди. Мүйизли атанақ түриндеги нағыс хәм қурақ техникасы әййемги скифлердиң Алтайдағы Пазырық деген жердеги қорған-кәбирин ашқанда табылған затларда ушырасқан.

Ақбаслы ерден басқа, аттың жонасы, жүўени үлкен шеберлик пенен исленген:

Жүўенниң түйискен жерлери жүўен қас деп аталатуғын жүзикке усаған дөңгелеклер менен бекитилип, басқа жерлерине гүмистен исленген нағыслы қуйма майда пластинкалар көп етип бекитилген. Қараўыт-

қан териниң үстинде жылтыраған гүмислери бар жүўенлерди алакайыс жүўен деп аталған. Сийнемнет ҳәм куйысқанға да (аттың ери алға я артқа кетпеў ушын тағылады) гүмистен исленген көп нәрселер тағылған. Сейнеметте—аттың көкирегиниң (сийне—көкирек) үстинде усы безеўли ғубба деген тағылған. Ярымшар формалы бул зат үлкенлиги бойынша өңир-моншақтай, бирақ нағысы ири сийрек болады. Бул мүмкин, соң киширейтилген, бурын көлемли болған жаўынгер атының көкирегин қорғайтуғын қалқанға усаған—зат шығар. Айырым атлардың омыраўына формасы ҳәм үлкенлиги бойынша ғуббаға усас жипек пөпекли гүмис қоңыраў да тағылған.

Кийиз басыў, курақ қураў енери каракалпақларда ҳәзирги күнде де бар. Кийизде ең әййемги нағыслар қолланылады. Әдетте ортада бир қатарға жайласқан бирнеше үлкен дөңгелеклерден иши қызыл, көк, сары реңли мүйизлер ямаса толқын нағысы менен толтырылады. Дөңгелек сыртынан толқын нағысы менен қоршалады. Толық алғанда бул нағыс көп халықларда (мысалы русларда) ушырасатуғын күн белгисине айналады. Күн нағысы қарақалпақ ергенегинде де ушырасады. Кийиз халық арасында ҳәзирги күнде де көп тараў менен қатар, оның нағыс традициялары жақсы сақланып киятыр. Айырым жағдайларда барынша бояўдың түрин көбейтиўге умтылыў, ямаса гилемниң нағысын көшириў ушырасады.

Курақта көбинше еки түрли (мысалы ақ ҳәм қара) таўардың үшмүйешли ямаса квадрат (төртмүйешлик) етип майдаланған бөлеклеринен текшели ромб, көп ушлы жулдыз фигураларын дүзеди. Гейбир шымылдық—құрақлардың жоқарғы жийегине толқын нағысы исленеди.

Қазақ-дәрья жақта қурақ техникасы караўдың сыртын безеўге де қолланылады. Бул жерде ақ кийизге қызыл, сары, қоңыр мақпал бөлеклерин қурап шийөңир исленеди.

XX әсирдиң басында исленген бирқанша затларда сюжетке қурылған өмир көринисин сүўретлеўге умтылыў пайда болады. Бул Қарақалпақстанға журналлар, китаплар арқалы сүўретлердиң тараўы тәсиринен күшейген халықтағы сүўретлеў искусствосына бурыннан болған қызығыўшылықтың жәнe бир ояныўы. Ақбасқур, жанбаўлардың ушына көликли ҳәм жаяў киятырған бир топар адамлар қызыл менен тоқылған. Сандықтың, сабаяктың бетине чайнек-кесе, пышақ, қайшы, дуўтар усаған затлар ойып ямаса бояў менен исленген. Қызыл киймешектиң алдына гүллеп турған айғабағар кестеленген. Бирақ нағыс искусствосы сюжетке (әңгимеге) қурылған көринисти көтермейди. Стилизацияланбай толық берилген жанлы мақлуқ (адам, ҳайўан, қус) халық декоративлик искусствосында белгили композицияның шеғарасында өзгерместен қайталаныў арқалы нағыс элеметине айланады, ол ўақыяны баянламай, ўақыя туўралы ойлар туўдырады. Орта әсирдеги шығыс гилемлеринде аңшылық көриниси усылай берилген. Бурын өмир көринислерин толық дерлик нағысқа айландырып жиберген қарақалпақ шеберлери өз традицияларын бузып, сүўретлеў искусствосының усылларын тиккелей қол өнеринде пайдаланыўға урыныўы табыслы болып шықпаған. Сүўрет элементлери дөгерегиндеги нағыслар менен де, заттың бети менен де жақсы байланыспаған. Бирақ қол өнериниң материаллары ҳәм техникасы менен сүўретлеў искусствосының жолларын излеўи халықтың художестволық санасының раўажланыўы жолындағы қызықлы факт. Әдетте, XIX әсирдиң ақыры менен XX әсирдиң басындағы усы умтылыўлардан қол өнериниң даўамы сыпатында қаракалпақларда сүўретлеў искусствосы пайда болған жоқ ҳәм олай болыўы мүмкин емес еди. Оның ушын сүўретлеў искусствосының заңларын: берилген шәртли кеңисликке (қағаз ямаса холст бетине) өмир көринисинен керекли үзиндини орналастырыў, онда жоқарыны ҳәм төменди, жақынды ҳәм узақта, затлардың ямаса адамлардың кеңисликте жайласыўын сызықлар, дақлар менен бере билиўди үйрениў керек еди, профессионаллық уқып керек еди. XX әсирдиң 20—30 жылларында болған халықлардың санасындағы, турмысындағы үлкен өзгерислердиң нәтийжесинде халық қол өнери, соның ишинде қарақалпақ қол өнери де раўажланыўын тоқтатты. Қарақалпақ халық қол өнериниң соңғы жыллары аса қызығыўшылық пенен изертлениўи ҳәм халық арасынан жыйланыўы Қарақалпақстанның художестволық өмирине үлкен тәсир етпекте. Халық өзи ислеген өнердиң жоқары эстетикалық қунын қайта баҳалап атыр. Халық өнериниң традиция-

лары айырым жас художниклеримиздиң творчествосына тәсир ете баслады. Халық кийиминиң иреңин, нағысларын пайдаланып ҳәзир бирнеше костюмының үлгиси исленди. Ҳәзирги үй-ишин, тутыныў буйымларын, кийимди безеўге қарақалпақ халық қол өнериниң үлгилерин өндириў бойынша Өзбекстан илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы менен Қарақалпақ Мәмлекетлик искусство музейи бирлесип усыныслар таярлап атыр.



## XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РУС ХУДОЖНИКЛЕРИНИҢ ТВОРЧЕСТВОСЫНДА

XIX әсирдиң екинши ярымынан баслап Қарақалпақ жериниң тәбияты, халқының турмысы сүўретлеў искусствосының объекти бола баслады. Ҳәртүрли экспедициялар менен келгел рус художниклери өзиниң сүўретлери арқалы қарақалпақ елин Россияға, Европаға таныстырды. *1848—1849-жыллары түслик Арал жағаларын* изертлеген экспедицияның ағзасы болып келген улы украин шайыры ҳәм художниги Тарас Григорьевич Шевченко арқа Қарақалпақстанның тәбиятын сүўретлейтуғын көп акварельлик пейзажлар ислеген. „Үргүн—мурын“ (Үрге), „Токпақ—ата—әўлийе“, „Аджибай“, „Арал теңизиниң дығырық жағасы“ деген шығармаларында ландшафтты өзгертпей бериў тапсырмасын муқыят орынлаў менен бирге шайыр—художникке тән болған нәзик лирикалық сезим, тәбият сулыўлығына сүйсиниў бар. Шайыр өз жүрегиндеги қапалықты, тағдир зулымлығына бас иймеў сезимлерин акварельлеринде шебер берген ҳәм бул жағынан ал қарақалпақ халқының сол жылларғы муңын ойларын ортақласқан сыяқлы.

1950-жыллары Рус географиялық жәмийетиниң экспедициясына қатнасқан художник Р. Чередеев, Бөкей ханлығының (Батыс Қазақстан) қарамағындағы қарақалпақлардың турмысын сүўретлеген. Оның „Дәўлеткерейдиң отаўында“ деген жанрлық картинасында сол ўақыттағы белгили қарақалпақ қосықшысы Алланияз Қудайкуловтың портрети берилген.

1873-жылғы Россияның Хийўа ханлығына қарсы атланысына қатнасқан майор А. Алиханов „Рус—офи-

цериниң атланыстағы альбомынан“ деген сүўретлер сериясында Қарақалпақстанның арқа-батыс жағындағы архитектуралық ҳәм тарийхый естеликлерди, жергиликли халықтың турмысын көрсетеди. Ҳәзирги күнлери сақланбаған Қоңырат қорғаны, қала сыртындағы гүмбезли мазар ҳәм минар; Кит қорғаны Қарақалпақстанның қалаларынын тарийхын арнаўлы изертлеген адамлар ушын айрықша баҳалы материал. „Қоңырат *қорғанының арқа-шығыс жағынан көриниси*“ деген панорамалық сүўретте шөгип қалған ески ылай қорғанды кесип өткен канал қала ортасында ағарып көринген бийик қорғанға қарай ағып тур. Жергиликли адамлар салдаў менен кеме тартып баратыр. Каналдың оң тәрепинде саялы бағлардың арасына салынған жайлар А. Бутаковтың, Н. Каразинның Қоңырат қаласы туўралы жазғанларын еске түсиреди. Үргениң тик жарлы таўынан Айбүйир қолтығының панорамасы сулыў берилген. „Хожелидеги жуўазхана“ деген сүўрети этнографиялық материал сыпатында да баҳалы. Булардан басқа А. Алиханов Үстирт беттеги „Қараўымбет“ Аллан-кала деген тарийхый жерлердиң сүўретин салған Хорезмли қарақалпақлардың революцияға дейинги турмысын художник Николай Каразин кеңнен көрсеткен. Белгили очеркист, романист болып та атын шығарған Н. Н. Каразин қарақалпақлардың тәбиятын, адамларын, үй-турмысын көп санлы сүўретлер менен бирге „Әмиўдәрьяның аяғында“ деген жақсы очеркинде тәргиплейди. Қарақалпақлар арасында жазып алған легендаларынан „Ҳаяллар патшалығы туўралы ертекти“, „Еки аяқлы қасқыр“ деген романында пайдаланады. Н. Н. Каразин 1874-жылдың жазында шөлкемлестирилген экспедициянын составында теңизден Үлкен—дәрья (Әмиўдәрьяның шақабы) арқалы жоқары өрлейди. „Үлкен дәрьяның қуяр жери“ деген сүўретинде үйлеринен шығып теңиздеги моржасынан түтини бурқырап атырған әжайып кемеге қарап турған қарақалпақларды көрсетеди. Шексиз теңиз, узақта киятырған желқомлы қайықлар, теңиздиң ғырра ернегинде турған қара үйлер, үйиўли қамыслар, жағадағы адамлар—буның бәри сол дәўирдиң турмыс көринисиниң бир документи болыў менен бирге, поэтикалық сезимин жойтпаған художестволық образ. Н. Н. Каразин Орта Азияда буннан бурын да болған адам, сонлық-



...қарақалпақлардың тәбиятынан ҳәм турмысынан ...излемейди, көргенлерин объектив сүўретле...кеземди. „Каракалпакская кибитка“ деген сүўре...де теңиз жағасындағы жалғыз қара үй көрсетиледи. ...капталында арба, ошақта асыўлы турған қазан. ...үйдиң жупынылығы Бердақтың, Өтештиң қосық...ына иллюстрация болады дерлик. „Көлдеги балық...лар қосы“ („Рыбацкая стоянка на озере“) деген сүў...инде художник суў үстине қамыстан қос соғып ...отырған балықшыларды көрсетеди. „Әмиўдәрья аяғын...“ деген очеркинде бундай қосларды қалай соғатуғын түсиндирип жазады. Қырдан ылай әкелип ошақ ...ып, от та жағады деп таңланады. Н. Н. Каразин ...я бойындағы қарақалпақ балықшыларының порт...ин биринши болып ислеген художник. Ҳәзирше ...еки портрети белгили. Биреўи —күлип турған ...ғарры. Екиншиси—басына шөгирме киймеген, ...жаға көйлек ҳәм жийекли ала шапаны бар жас ... Кең жаўырынлы, жуўан мойынлы бул мий...ш қарақалпақты художник сүйсинип сүўретлеген. ... Н. Каразин Қарақалпақстанның егислик жерле...де аралаған. „Суўсыз қалған атызлар“ деген сүў...инде ол куўрап қалған тереклерди, қум басып кет...жайларды көрсетеди. Бел ҳәм кетпеннен баска ...ы жоқ қарақалпақлардың тәбият күши алдында ...сиз болғанын көрсетеди. Әмиўдәрья оларға пана ...патқа да ушыратады; дейди ол очеркинде.

...Сол жылларғы қарақалпақлардың аўыр турмысын ...ретлейтуғын картиналардың бири белгили „Салдаў...лар“ („Лямочники на Аму-дарье“). Бул Сүўретте ...шапанларының етеги ырым-жырым болған, азып-тоз...ған адамларды көремиз. *Олар жарға тырмасып, бири-бирине ҳал берисип зорға киятыр.*

„Шымбай базары“ деген сүўретинде Н. Н. Каразин ...л жылларғы атақлы базарлардың бириндеги көше ...көринисин береди. Кегейлиниң жағасында жүкке толы ...қайықлар байланған. Майданда бир атлы жортып өтип ...баратыр. *Ол* баратырған тәрепге сөйлесип турған сәўдагерлер, жабық көшениң шети, сатылыўға қойылған ...лар, сатып алыўшылар көринеди. „Нөкис қышлағы“ ...ген сүўретинде художник Қарақалпақстанның ҳәзирги пайтахтының сол жылларғы көринисин береди. ...лар тигилген қара үйлер пахса менен қоршалған. Үй-



1. *Н. Н. Каразин.* Әмиўдәрьяның куяр жери.
2. *Л. Е. Димитров.* Петро-Александровскийге келген жерде.
3. *Н. Н. Каразин.* Нөкис пенен Хожели арасындағы дарға.

лердиң қапталы саялы бийик тереклер. Үйлер арасында сийрек адамлар, „Нөкис пенен Хожели арасындағы жағыс" деген сүўретте тарийхый мағлыўмат сыпатында әҳмийетли шығарма. Үлкен қайыққа адамлар, маллар, толтырып тийелген. Кемениң бас жағында ғарры адам аяқтағы таяўшыға жол көрсетип тур. Узақта дәрьяның арғы жағасы көринеди.

Н. Н. Каразин Петербургқа барыўдан қарақалпақ сериясының арнаўлы көргизбесин ашады. Соңынан иллюстрациялы журналларда өзинин түсиник сөзлери менен бастырып турады „Нива", „Всемирная иллюстрация" журналлары. Қарақалпақстанның түслик районларын 1889-жылы аралаған художник Л. Е. Дмитриев—Кавказский, Шорахан ҳәм Төрткүл (ол ўақта Петро-Александровск) базарларын қала көринисин, дәрья жағаларын сүўретлейди. 1894-жылы шыққан „Орта Азия бойынша саяхат" деген китабында ол Төрткүлдиң, Шораханның калалары сөз ететуғын жерлерин өз сүўретлери менен иллюстрациялайды. „Петро-Александровскийге келген жерде" деген сүўретте жас тереклердиң арасында қатарласқан ақ жайлар көринеди. Буннан баска үй тигип атырған, дәрьядан өтиўге таярланып атырған жергиликли халықларды көрсететуғын сүўретлер бар. Этнографиялық типлерди бериў жағынан Шорахан базарын көрсететуғын сүўретлерде баҳалы.

Бул художниклердиң қарақалпақ елине, тәбиятына ҳәм адамларына болған сүйиўшилигине қарамай, олар жергиликли халық пенен узақ ўақыт араласып жүриў мүмкиншилигине ийе болмады. Экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўы жүдә төмен дәрежеде турған қарақалпақларға ол жыллары сүўрет искусствосын таратыў мәселеси сөз де болған жоқ. Ал Петербургқа жаслайынан әкетилип Художестволық Академияның алдыңғы оқыўшыларынан болған Владимир Қарақалпақтың соңғы ўақытлары фамилиясы Каракалпаков творчестволық өмири еле толық изертленген жоқ. Қолда бар мағлыўматларға қарағанда оның драматизмге толы өмири искусствоға шын жүректен берилиў менен өткен. Ол искусстводағы өз идеалы ҳәм өмирдеги досы атаклы трагик артист Павел Мочаловтың ең жақсы портретин ислеген.

1873-жылы Әмиўдәрьяның оң жағасындағы қарақалпақларды өз қарамағына алғаннан кейин Россия

империясы бул жерде халыкқа медициналық жәрдем етиў ҳәм саўатландырыў бойынша азлы-көпли шаралар ислейди. Петро-Александровскидеги әскерий горнизонның ҳәўескерлери спектакльлер, концертлер көрсетеди, бай қарақалпақлардың үйинде граммафон, гармонь („орысы қобыз") пайда болады. Жергиликли рус ҳәм татар интеллигенциясы қарақалпақлардың мәдениятына бирқанша жаңалықлар киргизеди. Бирақ Қарақалпақстанда сүўретлеў искусствосы тек Уллы Октябрь революциясынан кейин ғана пайда бола баслады.

## СОВЕТ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНЫНЫҢ СҮЎРЕТЛЕЎ ИСКУССТВОСЫ

Уллы Октябрь революциясы қарақалпақлардың турмысына, рухый өмирине жаңа бағдар берди. 1924-жылы Қарақалпақстан автономиялы область, 1932-жылы автономиялы республика болып бурын еки патшалықтың қараўында езилип жүрген халық бирлестирилди. Бул халықтың тәғдириндеги шешиўши этап болды. Мәмлекет дүзилиўге байланыслы пайда болған миллий мәденият курыў идеялары жалпы дүньяны социалистлик тийкарда қайта қурыў, прогресске умтылыў идеялары менен бирге алып барылады.

1920-жыллары Қаракалпақстан өзиниң ана тилинде биринши газеталарын, китапларын шығара баслады. 1930-жыллары Қарақалпақстанда жазыўшылар шөлкеми, мәмлекетлик театр, мәмлекетлик баспа дүзилди. Жаңа өмирди жыр ететуғын шығармалар басылды, спектакльлер қойылды. Өткен өмирге баҳа бериў, массаларды революцияға шақырыў, болып атырған ўақыяларға баҳа бериў бул жылларғы Қарақалпақстанда көбинше әдебият ҳәм театр майданында болды. Сүўретлеў искусствосы дәслеп клублардағы ойынларды, спектакльлерди безеўге ғана араласты. Бул жыллары Қарақалпақстанда билими бар бирде художник болмады, сонлықтан талантлы жасларды тәрбиялаў, оқытыў жумыс көпке дейин қолға алынбай келди. Қарақалпақстан сүўретлеў искусствосы раўажланыўының дәслепки адымларында театр искусствосы менен, ойын менен тығыз байланыста болды. Дәслепки ҳәўескерлик ойынларды безеўдиң азлы-көпли басламалары режиссердиң, артистлердиң өз күши менен исленип келген. 1930-жыллары Төрткүлдеги қарақалпақ мәмлекетлик театрында художник—декораторы болып жетисти. Ол көп жыллар даўамында К. Станиславский атындағы Қаракалпақ мәмлекетлик театрының бас художниги болып иследи. Театр сахнасында қарақалпақ, өзбек, казақ, орыс, азербайжан драматургларының шығармаларын көрсетиўге қатнасты. Б. Д. Каменев ҳәрбир спектакльди таярлаўда сахнада көрсетилетуғын халықтың тәбият, мәдeният, дәстүр өзгешеликлерин үйренип, характерли белгилерин декорацияға ендирди. Т. Алланазаров, А. Бегимов ҳәм А. Халимовтың „Ғәрип-Ашық" музыкалы драмасында Хийўа архитектурасын, Ғ. Мүсиреповтың„Қозы-көрпеш" трагедиясында қазақ халық нағысларын пайдаланыў арқалы художник спектакльдиң миллий колоритин күшейткен. Көп жылларға дейинги қарақалпақ театрының традициясын—спектакль образын адамларды қоршаған күнделикли турмыс, тәбият, халықтың әдетлерин барынша кәдимгишилеп көрсетиў арқалы жасаў еди. Көп затларды дүзиў орнына бир детальды пайдаланыў, сол детальдан, жақтыдан жыйнаклы образ жасаў дәстүри қарақалпақ сахнасына соң араласты. Бул усы театрдың жеке өзине тән емес, жалпы совет театр искусствосының раўажланыў жолындағы белгили дәўир еди. Орта Азия республикалары ушын бул әсиресе характерли қурылыс Халық фольклорында адым сайын ушырасқан шәртли тил (ертеклердеги, дәстанлардағы фантастикалық сюжетлерди, образларды еске алсақ) қарақалпақлар ушын бурын тән емес шекленген кеңисликке қурылған көринисли искусствода (зрительно-пространственное десек) театрда, сүўрет салыў да сөйлеместен қалады. Б. Д. Каменов тематикалық, пейзажлық ҳәм портретлик живопись тараўларында да ислеген, Оның: „Муз астынан балық аўлаў" деген картинасы, „Бердақтың портрети" (1956-жыллар) белгили. Б. Д. Каменов музей профессионаллық билим алған емес. Искусствоға интасы қанша күшли болған менен оның шығармаларында профессионаллык шеберлик бәркулла жетисе бермеди. Солайда Қарақалпакстан АССР ына хызмет көрсеткен искусство ғайраткери Б. Д. Каменов декораторлық жумысларын бар талантын ҳәм интасын жумсап иследи. Ол ҳәзирги қарақалпақ совет художниклерине тиккелей устаз болмаған менен өз шығармалары арқалы олардың биразына сөзсиз тәсир етти.

Қаракалпақстанда Совет власты орнаған нан кейин бул жерге туўысқанлық жәрдем етиў ушын көп художниклер келип иследи.

1924—1925-жыллары москвалы художниклер В. Бродский ҳәм З. Гиппиус Қаракалпақстанның түслик районларын аралап социалистлик қурылысларға арналған шығармалар жазды. „Төрткүлдеги электр станциясы", „Шаббазда пунктке пахта тапсырыў". „Илимий-изертлеў институтының тәжирийбе егислиги" деген живопислик шығармаларында бул художниклер халықтың этнографиялық өзгешеликлерин емес, ал жаңа, социалистлик жәмийет дүзиўдеги жетискенликлерин сүўретлейди. 1928—1929-жыллары Қарақалпақстанда болған этнографиялық-фольклорлық экспедиция ең биринши рет қарақалпақ халқының қол өнериниң үлгилерин жыйнай баслады. А. Л. Мелковтың басшылығында фотографияланған, бояўлы сүўрет етип исленген ҳәм жыйналған коллекциялар қарақалпақ қол өнериниң түрлерин бирқанша толық сыпатлайтуғын болды. Олар Ленинградтағы этнография музейиниң қарақалпақ бөлиминиң негизин қурады. А. С. Мелков пенен И. М. Доможиров қарақалпақ нағысларының үлгисин реңли бояўлар менен ислеп альбом таярлады.

1934-жылы Қарақалпақстанды аралаған Москвалы художник И. М. Мазель (1890—1967 ж.ж) Төрткүль, Шымбай, Кегейли қалаларының ҳәм аўылларының көринислерин, адамларын сүўретлейтуғын жумыслар иследи. „Қарақалпақ ҳаяллары" деген группалық портрет, „Нөкис базарында", „Төрткүлде" деген қәлем менен исленген этюдлары 1967-жылы табылып, қарақалпақ мәмлекетлик искусство музейине әкелинди.

1935-жылы Орта Азия бойынша саяхат жасаған москвалы художник Павел Радимов Хожелиниң қасындағы мазар ҳәм басқа да қарақалпақ тәбиятын сүўретлейтуғын шығармалар жазған. Уллы Ўатандарлық урыс жыллары москвалы художниклер Антонина Казимировна ҳәм Михаил Филлипович Ладурлар Нөкисте иследи. Қаракалпақ мәмлекетлик театрының сахнасында олар „Алпамыс", „Тахир-Зухра (С. Абдулла, Чусти), „Лейтенант Елмуратов" (Ж. Аймурзаев) спектакльлерине декорациялар, костюмлар иследи. „Алпамысқа" ислеген костюмларында А. К. Ладур бул дәстанның қарақалпақлардан басқа халықларда бар екенин нәзерде тутады. Бираз халықлардың кийимлерин еске түсиретуғын сахнада жүриўге қолайлы костюмлар ислейди. Бирақ бул кийимде дәстан қаҳарманларының монументаллығы жойтылып кетеди.



М. Ф. Ладур Қарақалпақстан АССРының мәдeният ислерине актив араласты. Ол К. Станиславский атындағы Қарақалпақ мәмлекет театрының қысқы жайын безеди, шайыр Бердақтың портретин салды. (сақланбаған), Қаракалпақ автономиялы республикада художниклер союзының бөлимин шөлкемлестириў бойынша таярлық жумысларын иследи. Билими бар профессионал художниклер жүдә азлығынан бөлим шөлкемлестириў мүмкин болмады. Москваға қайтып кеткеннен кейин де А. К. Ладур Қаракалпақстан менен творчестволық байланысын үзбеди. 1964-жылы автономиялы республиканың 40 жыллығына байланыслы ол Нөкисте үлкен көргизбе иследи. Оның живопись, графика, керамикада ислеген шығармалары республикамыздың турмысының ҳәртүрли тараўын: балықшылықты, шарўашылықты, пахташылықты, мийнет қаҳарманларын көрсетиўге арналған. „Шопан ғарры", „Айым Камалова", „Бас ораған қарақалпақ келиншеги" деген шығармаларында А. К. Ладур ҳәзирги Қарақалпақстан адамларының келбетиндеги салдамлылықты, мораллық сулыўлықты береди. Арал балықшыларының турмысына арналған керамикалық вазаларында толқында жүзип жүрген сейнерлерди, аўдың торын бириктирип декоративлик сулыўлық тапқан. А. К. Ладурдың шығармалары Қарақалпақстан АССР ының соңғы жылларғы табысларын толық сүўретлей алмайды, айырымлары Орта Азияның бәрине тән көшпели сюжетке қурылған ҳәм жаңалықсыз шешилген, солай болса да бир ўақытлары алған творчестволық тәсири елеге дейин сарқылмай жүргени ушын оның шығармалары өзинше баҳалы.

Хорезм экспедициясы менен келген москвалы художник Н. П. Толстов Қаракалпақстанда архитектуралық пейзажлар сериясын иследи. Олардың бирқаншасын профессор С. П. Толстовтың „Әййемги Хорезм: (М., 1948 ж.) китабын иллюстрация сыпатында көриўге болады. Қарақалпақстанда сүўретлеў искусствосының раўажланыўына туўысқан Өзбекстанның художниклери бәркулла жәрдем етип киятыр. Бизиң художниклеримиздиң бәри дерлик Ташкенттеги арнаўлы оқыў орын-

ларынан билим алып шыққан көп Өзбекстан художниклери Қарақалпакстанға келип оның сулыў тәбиятын, адамларының турмысын шығармаларында жырлап киятыр. Өзбекстандағы белгили график В. Е. Кайдалов қарақалпак халкының ағаклы дәстаны „Қырк қыз"ға бир канша қарақалпақ прозаиклерининң шығармаларына иллюстрация иследи. В. Е. Кайдаловтың „Тақиатас" акварэллер сериясы, В Волковтың „Қарақалпақ қызының портрети", С. Четкаускастың графикалық жумыслары белгили мийнетлер.

Урыстан соңғы жыллары Нөкисте арнаўлы билим алған художниклер ислей баслады. Ф. Мадгазин, В. Моргунов, А. Бирюков, Н. Гринев, И. Микулицкий, А. Лазько, 1950-жыллардың ақырына дейин Қарақалқакстан сүўретлеў искусствосының келбетин көрсетип келди. Художник ҳәм журналист А. Н Игнатьев республикалық газеталарда сүўрет искусствосын пропагандалап барды. 1955-жылы Нөкисте художестволық—өндирислик мастерская ашылып, бул барлық творчестволық күшлерди бириктириўге, республикада декоративлик-безеў жумысларын раўажландырыўға себеп болды. Клубларды, паркларды байрамларға безеў жумысларына да енди художестволық совет басшылық етип туратуғын болды. Бул қалаларды, жайларды безейтуғын декоративлик шығармалардың художестволық сапасын жоқарылата баслады. 1957-жылы Ташкентте болған Қарақалпақстан искусствосы ҳәм әдебиятының он күнлигине байланыслы 1956-жылы Нөкисте Өзбекстан художниклер союзының шөлкемлестириў комитети дүзилди. Усыннан баслап автономиялы республикадағы художниклерге творчестволық басшылық шөлкемлестириў комитети тәрепинен алып барылатуғын болды.

Он күнликке байланыслы Ташкентте ашылған көргизбеде Б. Каменев, Ф. Мадгазин, И. Микулицкий, А. Бирюков, Н. Королев, А. Лазько, А. Гринев, В Моргунов, Н. Игнатьевтан басқа Москвадан келип ислеп атырған художник И. В. Савицкий, Беньков атындағы Ташкент художестволық училищесининң студентлери К. Бердимуратов, Қ. Сайпов қатнасты. Он күнликтиң көргизбесинде Б. Каменев пенен Мадгазин бирге ислеген „Муз астынан балық аўлаў", Қ. Сайповтың „Боз атаў" картинасы, Ф. Мадгазинниң, И. Савицкийдиң



В. Маргуновтың, А. Лазьконың пейзажлары, И. Микулицкий ислеген „Курбанбай жыраў Тәжибаевтың портрети", Б. Каменевтың „Бердақ шайырдың портрети", А. Лидин „Амангүл Сапарбаеваның портрети" скульптор Н. Гринев ислеген „Бердақ" бюсти көрсетилди. Қ. Бердимуратов ҳәм Қ. Сайпов көргизбеге дәслепки китап иллюстрацияларын қойды. А. Бирюков плакатлар көрсетти. Бул көргизбе де жергиликли миллеттен шыққан кадрлардың Қарақалпақстанның сүўрет искусствосына дәслепки араласыўы еди. Училищени питкергеннен кейин булар автономиялы республиканың искусство ислерине актив араласты ҳәм оның бирканша өсиўине себеп болды.

Қыдырбай Сайповтың творчествосы Ташкенттеги Беньков атындағы художестволық училищени питкергеннен баслап-ақ театр менен байланыслы болып киятыр. 1958-жылдан бери ол К. Станиславский атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик театрының бас художниги.

„Ақ гүл" спектакли (1959-ж) Қ. Сайповтың декорацияны живопислик—планда шешиўдеги ең ири табысы болды. Ол Индияның тәбияты, архитектурасы, адамларының кийиниўи туўралы оқыў арқалы конкрет түсиниклерге ийе болды. Бул оның фантазиясын шеклеген жоқ, декорацияларда конкрет детальлар менен художниктиң қыялы араласып, спектакльдиң белгили ўақыт я бир белгили жер менен шекленбеген, Индияға тән сүўретлеў образы дөреди. Текшели гүмбезленген храмлар, тропикалық өсимликлерге толған бағлар қыйыншылықларға қарамай шын муҳаббат ушын гүресетуғын адамлар туўралы поэтикалық аңызға жүдә үнлес болды. Барлық декорациялар гүмис—көк ренде берилип, олардың колоритлик бирлиги табылды.

Монументаллық стильде декорациялар 1961-жылы қойылған „Алпамыс" спектаклинде де исленди.

Сайповтың „Алпамыс" тағы ең жақсы табысы—барлық көринислердиң рамасы болып хызмет еткен еки садақ ҳәм қалкан. Сүўретлер „кириспе" театр залына барғаннан-ақ көзге түседи, „Алпамыс" дәстанындағы ел-халық ушын, дослық ушын болған гүреслерди еске салады.

1962-жылы қойылған „Айгүл-Абат" спектаклинде сахна жақтысынан эффектинен пайдаланады. Финалда қызыл гвардияшылар оқ атып аўылға жақынлаған



1. *И. Савицкий.* Нөкистин сыртында. (майлы бояў менен исленген
2. *К. Молутов.* „Той“. Ашық хат. (графикалық жумыс).
3. *Қ. Сайыпов.* „Алпамыс“ пьесасынан декорация.

сайын сахна қызыл түрге ене баслайды. Қызыл жалаў услаған Абат пенен Айгүл ушырасқанда олардың турқын шығып киятырған үлкен қызыл күнниң шеңбери орап турады. Бул көринис сулыўлығы менен үлкен эмоционаллық тәсир етеди ҳәм оның идеялық-көркемлик жағы да күшли.

1963-жылы Қыдырбай Сайповтың эскизлары бойынша Ташкенттеги жаслар театрында (ТЮЗ) „Бегжап трагедиясы“ (Г. Юнгвальд—Хилькевич пенен бирликте) Душамбидеги С. Айни атындағы Тәжик мәмлекетлик академиялық опера ҳәм балет театрында „Куба қызы“ операсы қойылды. Бул жас художниктиң творчествосындағы табыслар дәўири болды. Ҳәрбир спектаклинде жаңа ой, техникалық жаңалықлар табылды. „Бегжап трагедиясында“ сахнаның ортасындағы айланбалы дөңгелекти қолланыў арқалы тез жүрип баратырған адамды бираз ўақыт көрсетиў, бир мәҳәлде еки жерде болып атырған ўақыяларды гезеклесип көрсетиў ҳәм соннан оларды ушырастырыў мүмкиншиликлерин пайдаланса, „Куба қызы“ (композитор Молчанов)—революция туўралы, еркинлик атаўының қаҳарманлары туўралы операда, реңниң эмоционаллық ўазыйпасын жүдә күшейтеди. Ўақыя раўажланған сайын қызыл реңлер актив араласып операның революциялық—романтикалық пафосын бөлентлетеди. Финалда сарғыш қызыл ҳәриплер менен „Ўатан я өлим!“ деген кубалылардың атақлы ураны жанады.

Қыдырбай Сайповтың театр художниги сыпатындағы бир әзиз жағы—персонажлардың костюмына гейде жетерли дыққат бермейди. Сонлықтан „Алпамыс“тың қаҳарманлары XX—әсирдиң басындағы „байлардың кийими менен, „Қарақалпақ қызы“ ямаса “Айгүл-Абатта“ қыз-келиншеклер ҳәзирги күндеги той кийими менен жүре береди. Театр костюмы белгили тарийхый дәўирди, сол ўақыттың белгили класслық қатламын, ямаса этнографиялық типти сыпатлаў ушын ғана емес персонаждың образын жасаў ушын да керек. Сонлықтан театр художниклери спектакльдеги көзге көринерлик персонажлар ушын арнаўлы костюмлар жасайды. Қ. Сайпов соңғы спектакльлерине ғана арнап костюмлар эскизын жасап киятыр.

Қыдырбай Сайпов живописьлик шығармалары менен

де белгили. Пейзажларында ол тәбият сулыўлығын лирикалық сезим менен береди.

1960-1962-жыллары Қ. Сайыпов этюд салыў менен шуғылланды. Тахта-көпир аўылларының күнниң ҳәр-түрли мезгиллеринде көринислери оның көп санлы салқын этюдларының баслы мазмуны болды. Жаздың азанғы салқын ҳаўасы („Жол"), түски ыссыдағы теректиң жапырақлары арасынан түсип турған күнниң жылтыр алтын нурлары („Таңның қасы"), аўылдағы геўгим түскен мезгил („Тандыр басында")—буның бәри шаққан қол менен, қалың бояўлар менен асыға ҳәм батыл исленген. Белгили кеңисликте жайласқан затлардың сырткы келбетин берип ғана қойыў емес, оларға ҳаўаның, күн нурының тәсири, жақты менен көлеңкениң байланысы—живописьтеги XIX-XX әсирлерде баслы проблемаға айланған бул мәселелер қарақалпақ художниги тәрепинен биринши мәртебе исленди. Тәбиятты бираз изертлеў, үйрениўлердиң нәтийжеси—„Әмиўдәрьядағы кеш" атлы панорамалық үлкен пейзаж. Художник тәбияттағы ең қысқа ўақыт болатуғын көринисти—күн батып қараңғы түсе баслайтуғын ўақытты алған. Бул гезде жақты минут сайын азайып, затлардың келбетин гүңгирт басып тәбият көз алдында қараңғылыққа шүмип барады. Дәрьяның арғы жағасындағы үйлер түн қойнына енген, күнниң соңғы қызыл сағымлары бетинде жарқырап атырған дәрья, картинаны еки планға бөлип баслаўшы мотив болып тур. Шеп тәрептеги үлкен теректен баслап берги жаға өркеш болып атыр. Жағадағы *үйлер шыра жаға баслаған. Күндиз буркыған*. көбиклескен дәрья енди дем алысқа кирискен, Картинаның биринши ирет тәкирарланатуғын горизонталь планлары, берги жағадағы дығырық жарқабақлар менен арғы жағадағы биргелки тегис планларды „ерегисиў". өшип баратырған күнниң соңғы нурларының дәрья үстинде ойнаўы, дөгеректи коршап киятырған түн қараңғылығы сезими бир епкин менен берилген. Картинадағы тәбият көриниси, дәрья туўралы, тәбият сулыўлығы туўралы терең ойлары күшли сезим менен берилген.

Бул картина 1963-жылы Нөкисте бәҳәрги көргизбеде биринши ирет қойылып Қарақалпақстан совет живописинде көрнекли шығарма сыпатында баҳаланды.

Әжинияз Қосыбай улының портретин Қ. Сайпов



[illegible] ўақыт ислеп келди. 1967-жылы ол соңғы вариантын көпшиликке көрсетти. Бурынғы вариантларында тек сымбатлы адамның келбетин бериўден артып кетпей алмаса, бунда Әжинияз-шайыр, Әжинияз — ойшыл образына художник бираз жақынласқан.

Қыдырбай Сайпов графика тараўында да бирқанша шығармалар иследи. Ол бираз қарақалпақ жазыўшыларының китапларын көркемлеп безеди, иллюстрациялады. Оның бирқанша плакатлары да бар.

Поэтикалық шығармаларды иллюстрациялаўдың белгили қыйыншылығы бар. Белгили ўақыя айтылмайтуғын, адамның жүрек сезимлери, ойлары берилетуғын қосық қатарларына сүўретлеў эквивалент табыла бермейди. Бундай жағдайларда художниклер поэтикалық сезимлери бойынша шайырдың қатарларына үнлес келетуғын, усас ассоциялар туўдыратуғын пейзажлық миниатюрлар ислейди. Әжинияздың И. Юсуповтың, Т. Жумамуратовтың, Т. Сейтжановтың топламларын Қ. Сайпов усындай етип ислеген. Бунда сүўретлер тек қосықларға әсте аккомпонемент сыпатында, олар менен тиллеспей тур. Бирақ бул сөз бенен сүўрет биригип, китапты өзинше искусство шығармасы етиўдеги жол.

1963-жылы Қ. Сайпов, К. Станиславский атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик театрының бирнеше спектакллерине, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик филармонияның қосық ҳәм ойын ансамблиниң концертине плакатлар исследи.

Кәўендер Бердимуратов—китап иллюстраторы, соның менен ол скульптуралық, живописьлик шығармалары менен де *белгили. Қ. Бердимуратов көбинше халық* дәстанларын, ертеклерин иллюстрациялайды. Китапты көркемлеп безеўде ҳәзир оның қәлиплескен творчестволық усылы, өз стили бар. Фольклорлық шығармаға Кәўендер Бердимуратов халық нағысының элементлерин бәрқулла пайдаланады. Гейде дәстанның ҳәрбир бөлиминиң басында ўақыя сүўрети менен нағыс қосылған бир композация береди. Бундайда тегисликке қурылған нағыс элементлери менен көлемли сюжетли фигураларды бир тутас қабыл етиў қыйын болады („Қоблан" дәстанында). Шығыс декоративлик искусствосының традициясында сүўрет элементи бирнеше мәрте (заттың кеңислигине қарай) өзгериссиз тәкирарланыў арқалы нағыстың композициясына бағынып, оның

бир элементине айланып кетеди. Қ. Бердимуратовтың жумысларында усы традицияға умтылыў сезиледи. „Алпамыс“ дәстанының муқабасынан баслап ҳәр баптың басында ҳәм ақырында сүўретлер берилген. Басында—сол баптағы ең түйинли ўақыяны көрсететуғын көп адам қатнасатуғын композиция берилсе, ақырында сол бапқа байланыслы кишкене эпизод бериледи, (шаўып баратырған атлы, ушып баратырған ғаз). Қ. Бердимуратов өзиниң сүўретлери менен дәстанының ҳәр бабын оқыўшыға ашып ҳәм жаўып отырады. Ж. Сейтназаровтың „Алыстағы жайлаўда“ повестине ислеген иллюстрацияларын Қ. Бердимуратов тексттиң араларына бөлек бетке орналастырады. Сүўретлер қара акварель менен исленген, олар повесттеги баслы қатнасыўшылардың портретин, елеспели ўақыяларды көрсетеди. Сүўретлер бираз болса да, тәсир ететуғынлары аз. Мүмкин, повесттиң өзи художникте йош туўдырмаған шығар,

1967-жылы көргизбеде Қ. Бердимуратов басқаша стильде ҳәм техникада ислеген жумыслар менен қатнасты. Композиция қурыўдағы жаңалығы — ҳәр ўақытта болған еки ўақыяны бир рет қағазға бириктириў. Бул усылы „шығыр“ („Еске түсириў“) деген гравюрасында күшли эффект берген: жоқарыда ғыйқылдасып төбелесип атырған еки дийқан, төменде шығырдың қасында басын дизесине қойып отырған бала. Төбелес—оның еске түсириўлери. Бул гравюрада Қ. Бердимуратов адамлардың ҳәрекетлерин, контурларын жақсы тапқан. Тәртипсиз ҳәрекетлер, жан айбаты менен айқас, бунда сызықлар кескин—бийтақат айрекей болып келеди.

Шайыр Аяпберген Муўсаевтың гипстен исленген бюстында (1960-ж.) Қ. Бердимуратов тек сырткы усаслықты бериў менен шекленеди. Т. Шевченконың киши формадағы скульптуралық портретинде (1963-ж) шайырға тән ойшыллық, творчестволық қыял пайыты көрсетилген.

Қарақалпақстан живописинде пейзаж жанрында бираз жыллардан бери Игорь Витальевич Савицкий ислеп киятыр. Әййемги Хорезм архитектурасы, оның дөгерегин қайтадан меңгерип атырған колхозшылардың турмысы, Нөкис көшелери, қала сыртындағы бағлар И. В. Савицкийден өзиниң сүйген жыршысын тапты. Москвадағы В. Суриков атындағы институтты питкерген, Орта Азия менен творчестволық байланыста болған белгили художниклер Р. Фәльк, Н. У. Ульяновлардан сабақ алған И. В. Савицкий Қарақалпақстан тәбиятының колоритлик өзиншеллигин көп изледи. „Орта Азияның өзинде күн ҳәртүрли жақтылық күшине ийе. Серлеп қарасаң Нөкистеги күн Ташкенттегидей емес. Усыны живописте бере алсаң қандай жақсы“—дейди ол.

Аўыл турмысына арналған картиналарында И. В. Савицкий этнографияға қызықпайды, ал ҳәзирги заман адамларының өмиринен, олар жасап атырған тәбияттан, өзлери дөреткен эпикалық дәстанлардың белгилерин излейди. „Жазғы аўыл“ (1967-ж) деген картинасында үлкен еки түп ғарры теректиң көк-көңбек baслары менен оның аржағындағы қуяшқа мүлгип атырған аўылды салыстырып көрсетиў арқалы фольклорлық характери бар сюжет табады. Тереклер канша нақма-нақ болса, аржағындағы үйлер сонша емески. „Колхоз жыйналысы“ деген кишкене картинада И. В. Савицкий үлкен теректиң түбине жыйналысып отырып атырған адамларды сүўретлейди. Олардың көйлеклериниң ақ, көк, сары, қызыл, реңлери бирнеше ирет қайталанып, үлкен жыйын, байрамды көргендей тәсир етеди. Теректиң сонша үлкенлигинде, адамлардың салдамлы қыймылларында үлкен салтанат белгиси бар.

И. В. Савицкий пейзаж живописиниң бираз мектеплеринен хабары бар художник. Олардың айырым усылларын қарақалпақ пейзажында пайдаланған ўақта басқа биреўдиң колоритлик табысларын қайталап қойғанын өзи сезбей де қалады. „Нөкис көшеси“ деген пейзажының жоқарғы бөлеги импрессионистлерше бөлек мазоклар менен жазылса, төменги жағына келгенде (тереклердиң түби, асфальт) араластырылған бояў кең кистлер менен жағылған. Бул жақсы исленген картинаны қабыл етиўди қыйынластырады. 1952-жылдан бери И. В. Савицкий пейзажист сыпатында көп жумыс иследи. Қарақалпақстанның бираз жерлериниң тәбияты оның шығармаларының темасы болды. Колорит излеўдеги оның табыслары Қарақалпақстан живописи ушын баҳалы.

И. В. Савицкий қарақалпақ халық қол өнерин жыйнаў ҳәм изертлеў бойынша көп жумыслар иследи.

1959 — 1967-жыллары ӨзССР Илимлер Академиясы Қаракалпақстан филиалының искусство изертлеў секторының илимий хызметкери сыпатында халық өнериниң үлгилерин жыйнаў бойынша экспедицияларға басшылық етти. Нөкисте, Ташкентте, Москвада қарақалпақ халық өнериниң үлгилериниң үлкен көргизбелерин шөлкемлестирип, илимпазларды, искусствоға қызығыўшыларды халықтың әжайып дөретпеси менен таныстырды. 1965-жылы И. В. Савицкий „Қарақалпақларда ағашқа нағыс ойыў“ деген илимий жумысын шығарды. Китапта нағыс ойылатуғын затлардың түри, нағыслардың баслы мотивлери, композициялары, нағыс ойыў техникасы усаған баслы мәселелер анализленеди. Китапта ағашқа ойылатуғын нағыслардың көп санлы үлгилери берилген.

И. В. Савицкий Қарақалпақстанда искусство музейин шөлкемлестириўге көп мийнет сиңирди, Ҳәзир музейде қарақалпақ халық өнериниң үлгилеринен басқа жергиликли Орта Азия республикалары художниклериниң көп шығармалары бар. Автономиялы республикада искусство музейиниң шөлкемлестирилиўи адамларды эстетикалық тәрбиялаўда жүдә әҳмийетли.

Соңғы жыллары Қарақалпақстан живописинде жанрлық картиналар дөретилди. Жас художниклер Абдулла Еримбетов ҳәм Алексей Квон қарақалпақ халкының тарийхындағы елеўли дәўирлерге ҳәм адамларға арнаған шығармалар жазды.

А. Еримбетовтың „Тарас Аралда“ (1965-ж.) деген көлемли картинасы уллы Украин шайырының сүргинде жүргенде қарақалпақлар арасында болған бир эпизоды көрсетиледи. Художник шығармасын сырттан көринетуғын ўақыяға қурмаған, ол уллы шайырдың қараңғы патшалық дәўириндеги аўыр тағдири езилиўшиликте жасап атырған қарақалпақлардың тағдири менен үнлес екенин, азатлық ҳәм бахыт туўралы олардың бирге әрман еткенин көрсеткен. Картинаның композициясы, колорити усы идеяны бериўге бағдарланған. Теңиз жағасындағы қумда солдат шинелин жамылып, қолы менен жер таянып ойға шүмип отырған Шевченкоға жас қарақалпақ жыраўы қосық айтып берип атыр. Оның бети теңиз айдынына қарай бурылған. Художник жыраўдың бетин көрсетпей-ақ оның қосықты үлкен йош пенен айтып атырғанын бере алған. Аўыр ойлар еңсесин бас-



...н шайыр менен жеделли жас жыраў образлары ...алы А. Еримбетов жоқарыда айтылған идеялық ой...ын көрсеткен: заманның идеялық аўырлығы ҳәм ...хыт ушын гүресиўге куштарлық. Сонлықтан да жыраў ... жас, ийнинде калтасы, бахыт жолына бел байлап ...ққандай. Шевченконың артында үкесин аркалап ...лип турған қыз шайырға таңланып карап тур. Не ...уралы бул адамның ойға шүмип отырғанын түсин...си келеди. Бул фигура композицияның жоқарғы ...ағын толтырып оның пирамидаға усас болып питиўине ...мкиншилик береди. Ол картинасында пессимистлик ...умақ шығармайды, сол дәўирдиң арзыў-әрманларын ...м олардың бахытқа исенимин де тәсирли береди.

Бурын портрет, пейзаж жанрында ислеп жүрген ... художник Алексей Квон 1967-жылы „Қызыл гвар...шылардың атылыўы“ деген үлкен картинасы менен ...гизбеге катнасты. Оның шығармасында Қаракал...станда совет властын орнатыў ушын гүрестиң дра...лық эпизоды көрсетилген: бир топар қызыл гвардия...лар баспашылар тәрепинен усланып, оққа тутылып ...р. Художник ҳәрбир қаҳарманның әжел алдында ...н қалай тутқанын көрсетиў максетинде оларды ...ульптуралық фризге усатып бир қатарға дизди. Болып ...рған ўақыяның трагедиялылығын көрсетиў ушын ... Квон өртеңликти еске түсиретуғын қызғылт-қоңыр ...оритти пайдаланған. А. Квонның портретлик шығар...ларынан ең жақсылары сыпатында „Ғаррының пор...третин“, „Салыкер жигиттиң портретин“ атаў керек. ...ларда адамның минези шебер берилген. Оның Қара...лпақстан тәбиятына арналған пейзажлық этюдлары ... бар.

Художник Фаим Мадгазин көп жыллардан бери ...йзаж жанрында ислеп киятыр. Оның сүйикли тема...—Арал теңизи ҳәм Әмиўдәрьяның жағалары, бул ...рдеги мийнет адамлардың өмири. Ф. Мадгазин көбин...е квадрат форматқа жақын болып кететуғын, көп ...ңисликти өз ишине қамтыйтуғын көлемли картина...ар жазды. Картинаға таярлық ўақтында көп санлы ...юдлер иследи. Оның бираз шығармаларында тәбият...ың характерли өзгешеликлери исенимли етип бери...леди. „Мойнақтағы шаңғытлы самал“ (1963-ж.) „Әмиў...дәрьядағы қыс күни“ (1962-ж.) картиналарында тәбият...ың ҳәрбир мәўсимге тән портретлерин жасаған. Бирақ

Ф. Мадгазинниң пейзажларының эмоционаллық тәсири күшли бола бермейди. Художник шекленген бояўлар пайдаланыў арқалы шығарманың колоритлик сапасын төменлетип алады. Бирталай кенисликке бир қыйлы етип жағылған бояў тәбиятта затлардың алыслаған ямаса жақынлаған сайын реңиниң өзгериўлерин бере алмайды.

Соңғы жыллары Қарақалпақстанда ислей баслаған пейзажист Рафаэль Матевосян Арал жағаларының тәбиятын сүўретлеўге қызығып жүр. „Теңиз етегиндеги аўыл“, „Жайлардың төбеси“ деген картиналарын жаңа компазиция, колоритлик излениў бар: „Түслениў“ деген графикалық сүўретинде Р. Матевосян Мойнақтағы рабочий қызлардың турмысын жанлы көрсеткен.

Жолдасбай Қутлымуратов 1960-жыллардың басында графикалық шығармалар менен Нөкистеги көргизбелерге қатнаса баслады.

Ол соңғы жыллары ислей баслаған скульптуралық портретлеринде жас скульптор конкрет биреўдиң таныс келбетин емес, бирқанша дәрежеде идеялластырылған образлар берди. Барлық, дыққат адамның бетинде „Арысландағы“ салмақ ҳәм ерлик „Алма“ ҳәм басқа қызлардың портретлериндеги күлимсиреген нәзик ойшыллық жақсы берилген. Скульпторлардың образларының психологиялық минезлери онша көп түрли емес. Ж. Қутлымуратов көбинше жоқарыда көрсетилген баслы белгилерди бериўге умтылады. Және ол ағаштың өзиниң фактурасынан декоративлик қәсийет излейди. Ж. Қутлымуратовтың бир топар шығармалары қарақалпақ халық костюмының элементлерин киши формадағы скульптурада бериўге арналған. „Төбелик кийген қыз“, „Сәўкеле кийген қыз“ деген шығармаларында миллий костюмның деталлары скульптурада қандай декоративлик эффект беретуғынын сынап көриў ҳәм образлық минезлемеге умтылыў бар.

Қарақалпақстанда соңғы жыллары сүўретлеў искусствосының раўажланыўының тәсири менен арнаўлы билими болмаған усталар Дәрибай Төрениязов ҳәм Худайберген Мәткәриймов қызықлы скульптуралық шығармалар иследи. Олардың жаңа баслаған творчествосының об“екти—адам образы. Адам денесиниң пропорцияларын, деталларын өзинше бериў арқалы бул скульпторлар декоративлик сапасы жағынан да, пси-





хологиялық характеристикасы бойынша да өткир образлар жасайды.

1960-жыллардың басынан жақын күнлерге шекем жас скульптор В. Лобачев бирқанша жумыслар исследи. Оның профессионаллық уқыбы портрет жанрында қыйланбай сыртқы усаслықты бериў дәрежесине әкелген. 1964-жылы көрсетилген „Шамурат Муўсаевтың портретинен“ (гипс) баслап 1967-жылы исленген „Нәжим Дәўкараевтың портретине“ (боялған гипс) шекем В. Лобачев адамның сыртқы пишинин бериў менен шеклеңип келди. „Пахта“, „Ана ҳәм бала“ деген көп фигуралы композицияларында скульптор образлық қәсийетинен айрылған натурализмге жол қойды.

Қарақалпақстанға соңғы жыллары келип жас художник—графиклер Иван Гаврилюк ҳәм Кәрим Малутов жақсы жумыслар иследи.

И. Гаврилюк китап безеўге шебер. Оның Алишер Наўайының „Жети ықлым“ поэмасына ислеген иллюс-

трацияларында шебер профессионаллык, шайырдың философиялық ойларын күшли сүўретлеў образлар менен бере алыў сай келген. Поэмада жақсылық ҳәм жаманлық сөз етилсе, художник сүўретлерин ақ ҳәм қара фонға жайластырып, қызықлы образлар жасайды. Иллюстрациялар сол заманда кең тарал ған Орта Азия миниатюраларының стилинде исленген. 1. Д. Төренияз ов. Шөгирме кийген киси. (ағаш). 2. Қ. Мәткарийм ов. Тақыя кийген жигит (ағаш).

Кәрим Малутов 1964-жылғы автономиялы республиканың 40-жыллығына арналған көргизбеге акварель пейзажлары менен қатнасты. Соңғы ўақытлары ол китаплардың мукабасына (В. Капустин, „В низовьях Амударьи", С. Даулеталиев „Мен кран айдадым") қарақалпақша календарь ҳәм ашық хатларға (открытка) сүўрет иследи.

Календарь ҳәм ашық хатларға ислеген сүўретлеринде К. Малутов қарақалпақ фольклорының, нағысының традицияларын пайдаланады. 1968-жылғы календарьға салған сүўретинде „Қырқ қыз" дәстанынан бир эпизод—Гүлайым менен Сургайшаның жекпе-жек урысы көрсетилген. „Назлы", „Шын қобыз", „Той" деген ашық хатларда К. Малутов қарақалпақ қызларының миллий кийимлериниң декоративлик сулыўлығын көрсетеди. Оларға тән болған қызыл, жасыл ашық реңлерди жақсы пайдаланған. Айырым кийимлердиң формасын, реңин, безениў затларын бериўде еле де шалалық болыўына қарамай, К. Малутовтың творчествосындағы миллий мәдений традицияларын пайдаланыўға ҳәм раўажландырыўға қаратылған бул бағдардың келешеги жемисли болыўы мүмкин.

Жас художниклер Қыдырбай Нәжимов, Бақберген Нурымбетовлар ҳәзир Қарақалпақстан искусствосына актив араласып киятыр.

Қ. Нәжимов көбинше әдебий китапларды көркемлеп безеўши сыпатында танылып киятыр. Арнаўлы билиминиң болмаўына қарамай, ол китапларды көз тартатуғын, сүўретлер шығарманың өзине үнлес, сай келетуғын етип ислей алады. Ол қағаздың өз реңин, бояўларды, сүўретлердиң силуэтин жақсы пайдаланады. Қ. Нәжимов қарақалпақ халық дәстаны „Шәриярға", тәжик шайыры, Ленининлик сыйлықтың лауреаты Мырза Турсын-заданың „Хасан арбакеш" поэмасының қарақалпақша баспасына, қарақалпақ шайырлары Тилеўберген Жумамуратовтың, Сағыйдулла Аббазовтың, Мат Қарабаевтиң қосықлар топламларына сүўретлер ислеген. Қ. Нәжимов китаптың мукабасына көбинше пейзажлық көринис ислейди. Бирнеше реңли бояўлар менен исленген гравюра тақилеттеги майда сызықлар оп кеңисликти қамтыйтуғын тәбиятты, затлардың формаларын қурайды. „Хасан арбакештиң" мукабасындағы Тәжикстан таўлығын, М. Горькийдиң „Иван самм туўралы" ертегиниң мукабасындағы Россияның тайы бул шығармалардың миллий өзгешелигин түсиниўге жәрдемлеседи.

„Шәриярдың" мукабасына Қ. Нәжимов сүўрет колланбаған. Нағыска усатып соғылған ҳәриплер менен жазылған дәстанның аты ҳәм бир дөңгелек нағыс элементи вертикаль бойынша созылған ақ қағазға орналасқан. Ол квадрат форматтағы солғын ақтың ортасында айрықша көринип турады. Мукаба халықтың классикалық дәстанына салмақлы түр береди. Қ. Нәжимов ҳәзир жаңа жумыслар үстинде ислеп атыр.

Б. Нурымбетов 1967-жылы бирнеше пейзаж („Таўлағы соқпақ", „Самарқанд") ҳәм портретлери менен („Индия қызы") республикалық көргизбеге қатнасты. Оның пейзажларында лирикалық сезим, жетилисип атырған шеберлик бар. Ҳәзир Б. Нурымбетов Москвадағы художестволық училищениң оқыўшысы.

Қарақалпақстанның жеринде ҳәзирги болып атырған социалистлик қурылыслар, мийнет адамларының күнделикли өмири ташкентли художник—журналист Н. И. Корниловтың творчествосынан кеңнен орын алады. Художникти автономиялы республика турмысының барлық тәреплери қызықтырады. Репортажлық, публицистикалық характердеги Н. И. Корниловтың сүўретлери күнделикли турмысқа актив араласыўы ҳәм оны сыплеўи менен баҳалы. Оның көп сүўретлери орайлық ҳәм республикалық газеталарда автор тексти менен бирге басылып шықты.

Ҳәзир Қарақалпақстан баспасында оның „Есть такой край" атлы көркем иллюстрациялы китабы рус тилинде басылып шықты. Онда журналист—художниктиң Қарақалпақстан турмысынан алынып жазылған көркем очерклери ҳәм өзи салған 100 сүўретлери орын алады.

Соңғы жыллары көргизбелерди, байрамлар ўақтын-



1. *Қ. Бердимуратов.* Т. Қайыпбергеновтың „Маман бий әпсанасы" романының супер обложкасы.
2. *Қ. Нажиймов.* Мырза Турсын Заданың „Хасан—Арбакеш" поэмасына исленген иллюстрация.
3. *Қ. Нажимов.* „Шәрияр" дәстанының қабы.
4. *И. Гаврилюк.* Наўайының „Жети ықлым" дәстанынан иллюстрация



да кала көшелерин, майданларын, дем алыў орынларын көркемлеп безеў жумыслары жанлана баслады. 1964-жылғы Қарақалпақстан АССР ының 40 жыллығына арналған аўылхожалығы ҳәм мәденияттың жетискенликлериниң көргизбеси И. Шакалов, В. Выскубов, А. Гаспаров, Р. Матевосянлар тәрепинен безелди. Бунда затлар менен фотомонтажлар, стендлер, таблицалар жақсы байланыс тапты, республиканың тәбийғый байлықлары да, егислик ҳәм бағлары да—көп нәрселер декоративлик жағынан көз тартатуғын етип көрсетилди.

1967-жылғы Октябрьдиң 50 жыллығына арналған республика аўылхожалығы жетискенликлериниң көргизбеси көркем безелиўинде сол 1964-жылғы тәжирийбеден пайдаланды.

Көргизбелерди, клубларды безеў жумысы менен айланысып жүрген бирнеше жас художниклер бар. Олар бул тараўды жақсы жоллар менен раўажландырады—деп үмит етиўге болады.

Ҳәзирги Қарақалпақстан искусствосының живопись ҳәм скульптура шығармаларында заманласларымыздың образын жасаўға арналғанлары еле аз екени, графикада өмирге тығыз байланыслы очерк—репортаж характериндеги сүўретлер жетиспейтуғыны көринеди. Бул художник кадрларының азлығынан болып отыр.

Совет Қарақалпақстанының жас сүўретлеў искусствосы социалистлик реализм жолларында табыслы раўажланып киятыр. Ол барлық халықлардың барлық дәўирлерде дөреткен мийрасларын ҳәм өз халқының миллий мирасларын үйренип жаңа жоллар излеўде. Оның ең жақсы шығармалары совет адамларының рухый өмирин байытыўға хызмет етип атыр. Бул қарақалпақ халқының социалистлик мәдениятқа қосып атырған үлеслериниң бири.

## ӘДЕБИЯТЛАР


Очерки истории Каракалпакской АССР. т. I—II, Ташкент, 1964.

Всеобщая история искусств. т. I, Москва, 1956.

Пугаченкова Г. А. Ремпель Л. И. Изобразительное искусство Узбекистана.. Москва, 1965.

Толстов С. П. По следам древнехорезмской цивилизации. М.—Л. 1948.

Толстов С. П. По древним дельтам Оксуса и Яксарта. Москва, 1962.

Жданко Т. А. Народное орнаментальное искусство каракалпаков. Труды Хорезмской экспедиции. т. III, Москва, 1958.

Полное собрание русских летописей, т. II, Москва, 1962.

Федеров—Давыдов Г. А. Кочевники Восточной Европы под властью золотоордынских ханов. Москва, 1966.

Гладышев и Муравин. Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740—1741 гг. СПб. 1851.

Басенов Т. Орнамент Казахстана в архитектуре. Алма-Ата, 1957.

Гудкова А. В. Ток-кала, Ташкент, 1964.

Денике Б. П. Архитектурный орнамент Средней Азии. М.—Л., 1939.

Дудин С. М. Ковровые изделия Средней Азии. Сборник, МАЭ, в VIII, Л. 1927.

Аведова Н., Волков В. Қарақалпақ халық искусствосы ҳаққында. „Совет Қарақалпақстаны", 9 январь 1960.

Савицкий И. В. Народное прикладное искусство каракалпаков. Москва, 1964.

Савицкий И. В. Резьба по дереву каракалпаков. Ташкент, 1965.

Иванов С. П. Изобразительное искусство народов Сибири XIX-начала XX-вв. Москва, 1957.

Мак-Гахан А. Я. Военные действия на Оксусе и падение Хивы. Москва, 1875.

Риза—кули—мирза. Краткий очерк Аму-дарьинской области. СПб., 1875.

Россикова А. По Аму-дарье от Петро-Александровска до Нукуса. „Русский вестник", СПб. 1902.

„Всемирная иллюстрация". СПб. 1875, т. XIII.

„Живописная Россия" СПб., 1885, т. X.

„Нива". СПб., 1875, №№ 3, 9, 27, 37.





Дмитриев—Кавказский Л. Е. По Средней Азии. За- и художника. СПб 1894.

Аравин П. Великий кюйши Даулеткерей. Алма-Ата. 1964.

Веймарн Б. В. Искусство Средней Азии. М.—Л., 1940.

Веймарн Б. В. Черкасова Н. В. Искусство Советского Узстана. Москва, 1960.

Ромм А. Очерки истории изобразительного искусства Киргиз- ССР. М.—Л. 1941.

Пугаченкова Г., Елкович Л. Очерки по истории изо- ительного искусства Туркменстана. Ашхабад, 1956.

Алланазаров Т. Каракалпакский советский театр. Таш- 1966.

Шалекенов У. Қ. Очерки по истории культуры Советской калпакии (1917—1940). Нукус, 1960.

Мақсетов Қ., Мәмбетназаров Қ. Және де Владимир алпаков туўралы. „Әмудәрья", 1962, № 12.

...вицкий И. В. Қарақалпақстанның сүўретлеў искусствосы. ...рья", 1968, № 3.

...амуратов А. Өсиў жоллары (Қарақалпақстанда сүў- искусствосының раўажланыў тарийхынан) „Әмиўдәрья" № 11.

# РЕПРОДУКЦИЯЛАР

1. Шыны қап. 2. Ақ баслы ер.
3. Сандық.
4. Той кийиминдеги қарақалпақ келиншеги.
5. Ҳәйкел.
6. Ақ жегде.
7. Сейисли сырға. 9. Айшық. 9. Өңир түйме.
10. Ақ басқур.
11. Керги. 12. Жеңсе. 13. Қызыл киймешектиң артқы жийеги. (деталь)
14. Көк көйлек (деталь) 15. Чай қалта.
16. Т. Г. Шевченко. ҮРГЕ. (1849-ж.)
17. Н. Н. Каразин. Шымбай базары. (1874-ж).
18. А. А. Алиханов. Қоңырат. (1878-ж.)
19. Ж. Кутлымуратов. Төбелик кийген қыз. (ағаш)
20. Ф. Мадгазин. Әмиўдәрьядағы қыс. (майда бояў менен исленген)
21. А. Квон. Қызыл гвардияшылардың атылыўы. (майлы бояў менен исленген).
22. К. Лобачев. Социалистлик Мийнет қаҳарманы, ҳүрметли академик Шамурат Муўсаевтың бюсты. (гипс). 23. Қ. Бердимуратов. Аяпберген Муўсаевтың бюсты. (боялған гипс).
24. К. Молутов. „Қырқ қыз" дәстанынан эпизод (Табель календарь).
26. Қ. Нажимов. С. Аббазовтың „Қуслар қайтып келеди екен" атлы китабының сыртқы қабы. (гуашь).
25. Қ. Бердимуратов. „Ахмақ патша" поэмасынан иллюстрация (туш).
27. Қ. Бердимуратов. Шығыр. Гравюра.
28. К. Сайыпов. „Қырық қыз" пьесасына исленген декорация.








5


6










15






18


















ҚУСЛАР ҚАЙТЫП
КЕЛЕДИ ЕКЕН



